Sempulur

mbangun bangsa lumantar budaya

DINAS KEBUDAYAAN
DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA



Daya Pangaribawane Adat Ian Seni Budaya Rakyat DIY

jogja istimewa

NOMER: 30/II-2018

Uluk Salam

Pikuwating Seni Budaya Tradhisi Kerakyatan



Salam Budaya,

PARA pamaos Kalawarti **SEMPULUR** ing minulya, inggih awit saking berkaning Gusti Allah, Gusti kang akarya jagat raya saisinipun, sarta panjurung donga lan panyengkuyung panjenengan sedaya, edhisi nomer 2 taun 2018 sampun kakabar malih. Kula minangka Pemimpin Umum/ Penanggungjawab Kalawarti **SEMPULUR**, inggih ingkang nembe ngayah-ayahi tugas PLT Kepala Dinas Kebudayaan DIY, ngaturaken panuwun dene kalawarti basa Jawa **SEMPULUR** tansah ajeg kababar.

Pramila, mangga dhumateng ngarsanipun para warga masarakat DIY, mliginipun para pamarsudi basa Jawa lan budaya, tansah kersa paring pambiyantu nyerat, maos, lan paring dhawuh panyaruwe. Kaajab SEMPULUR punika saget manjing dados sarana kagem anggenipun sami lelumban ing babagan kabudayan.

SEMPULUR nomer menika ngaturaken palapuran babagan ingkang gayutipun kalawan pangaribawaning seni budaya tradhisi kerakyatan ing DIY tumrap kemajenganipun kabudayan, lan saya damel kempel kentheling seni budaya masarakat DIY. Mila, ing babagan seni budaya masarakat DIY sampun kagungan kekiyatan lan daya ingkang ageng, saengga saget tansah urun-udhu dhumateng pamajenging kabudayaan nasional.

Semanten ugi, anggenipun masarakat lan Pamarintah DIY gegatra anggula wenthah, atur panampi lan panglanggating sedya tumrap seni budaya saking jaban rangkah, kalebet warisan budaya *bendan* lan *takbenda*, inggih sampun trep lan murwat cundhuk kaliyan amanah Undang Undang Nomor 5 Tahun 2017 babagan Pemajuan Kebudayaan, lan ugi Peraturan Daerah Istimewa DIY Nomor 3 Tahun 2017 babagan Pemeliharaan dan Pengembangan Kebudayaan. Sedaya wau ngiras pantes dados pikuwatipun amanah Undang Undang Nomor 1 Tahun 2012 babagan Keistimewaan DIY.

Sanesipun punika, **SEMPULUR** ugi tansah ajeg biwara bab rubrik-rubrik baku ingkang saben kababar tansah cumawis. Sedaya minangka lelados dhumateng para maos mliginipun lan masarakat umumipun. SEMPULUR tansah nyuwun panyaruwe lan panjurung supados saya lumampah sae lan dipun antu-antu sowanipun ajeg saben 3 wulan sepisan. Awit saking kawigatosanipun, dipun aturaken agungin panuwun. Sugeng maos.

BUDI WIBOWO, S.H., M.M.
Pemimpin Umum/Penanggung Jawab.

Ringkes



KAMPUNG PITU
Laku Luru Pasemoning Urip Tentrem
Ing Punthuk Paredening Gunung Purba **6**



Kudune, Yogya Yasa
Pusat Informasi Budaya **14**



Sastrawan Sunda
Saba Yogya **20**



Ledhek Tayub Kajiret Politik **38**



KETERANGAN GAMBAR SAMPUL

"Wayang Golek Menak yasan Sri Sultan HB IX kang kagelar ing Gelaran Wayang Menak 2018, ing Pandhapa Akademi Komunitas Seni Yogyakarta. "*(Foto-fid)*

Kalawarti *Sempulur* kababar dening Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta
mboten kasade

Redhaksi nampa sumbangan tulisan wujud esai lan fiksi cerkak, geguritan, macapat, dongeng, legendha, crita rakyat, lsp. saka para maos lan sutresna seni budaya Jawa. Tulisan salaras karo misi Kalawarti SEMPULUR. Tulisan diketik 1,5 spasi, font: book antiqua, 3 (telung) kaca, kejaba cerkak 5 (limang) kaca. Alamat kirim: redaksi.sempulur@gmail.com utawa diparingke langsung ing Sekretariat Redhaksi.

PEMIMPIN UMUM/PENANGGUNG JAWAB ■ **Budi Wibowo, S.H., M.M.**| PEMIMPIN REDHAKSI ■ **Erlina Hidayati, S.IP., MM.** | WAKIL PEMIMPIN REDHAKSI ■ **Drs. Suraya** | REDHAKTUR ■ **Drs. Dhanu Priyo Prabowo. M. Hum.** ■ **Purwadmadi** ■ **Joko Budhiarto** | EDH ITOR ■ **Sumarno** ■ **Ardini Pangastuti** ■ **A.Y. Suharyono** | SEKRETARIAT ■ **Drihardono, S. Sos.** ■ **Reksoprojo** ■ **Trisno Sujadi** | LAYOUTER ■ **Darmawan** ■ **Makarim** ■ **Akhriyadi** | JURU FOTO ■ **Ifit Khusnul** ■ **Lathif Cahyono.**

ISSN 2085-2673

ALAMAT REDHAKSI ■ **Jalan Cendana 11 Yogyakarta** | TELEPON ■ **(0274) 562628** | FAKSIMILE ■ **(0274) 564945**
WEBSITE ■ **http://www.tasteofjogja.org** | POS-EL ■ **redaksi.sempulur@gmail.com** | KODE POS ■ **55166**

BRUNJUNG

Kabudayan Sing Mangaribawani

ANA unen-unen kuna sing muni lan wus dadi kauningane masarakat: "Negara mawa tata desa mawa cara" sarta "Adoh ratu cedhak watu". Ukara sing rinonce ing unen-unen mau kejaba endah kapireng/kawaos, uga jero tegese mungguhing bebrayan agung (masarakat) Jawa.

Kekarone nelakake yen ing madyaning kabudayan Jawa sing dadi sumbering kabudayan iku "satemene" ora mung saka sawiji bae (pamarentah/kraton) nanging uga saka satengah-tengahe masarakat iku dhewe. Bab iku uga sinerat ing Perdais DIY sing ngatur prakara kabudayan. Kasebutake sumbere kabudayan ing DIY iku ana loro perangan, yaiki saka Kasultanan lan Kadipaten (Pakualaman) sarta saka masarakat. Kabudayan sing sumbere saka Kasultanan lan Kadipaten (Pakualaman) iku kabudayaan sing ngrembakane ing lingkungan Kasultanan lan Kadipaten (Pakualaman) sarta disebarake ing madyaning masarakat; dene kabudayan yang sing sumbere saka masarakat iku kabudayan sing ngrembakane ing lingkungan masarakat. Dene jinis kabudayan iku ana sing kawadhagan (*benda*) lan nirwujud (*tak benda*), yaiku gagasan, perilaku, norma, adat, *budaya benda*, seni, lan tradisi luhur yang mengakar dalam masyarakat DIY.

Salah sijine wewengkon Daerah Istimewa Yogyakarta sing bothekan kabudayan sing sumbere saka masarakat yaiku Kabupaten Gunungkidul. Kejaba dadi papan tujuwan wisata, Gunungkidul uga kawentar dadi lestari lan ngrembakane kabudayan masarakat/rakyat. Iku kabeh ana sambung rapete karo sejarah kabupaten kasebut dukwingine. Saka crita-crita rakyat sing sumebar ing laladan Gunungkidul, bisa kasemak mungguh sejarahe kabupaten kasebut. Utamane, "sejarah cilik" sing ora dicathet ing "sejarah gedhe" (formal). Crita-crita rakyat ing kono, sing cathetane lan sumebare lumantar tutur (*oral tradition*), akeh banget sing nuduhake anane sesambungan karo sejarah jaman kapungkur sing wus lawas banget, utamane Krajan Majapait. Ora jeneng aneh yen iku gumelar ing kono, jalaran Gunungkidul iku leregane Gunungsewu sing biyen ing dadi papane "namur kramane" para pamengkune praja apadene kawula sabedhahe Majapait.

Ngelingi kahanan sing tinemu kaya sing ginambar kasebut, mula prayoga menawa kabeh padha dijaga kanthi cara dilestarekake, lan sing sauntara bisa didadekake sumber idhe mekare kagungan anyar (modheren). Tegese, kabudayan sing wus ana ora mung *lambang kebanggaan masa lalu*, nanging kabudayan sing sumebar ing tengahing masarakat uga mangaribawani uriping kreativitas tumraping manungsa ing jaman saiki, kaya sing tinemu (upamane) spirite para sedulur Gunungkidul anggone ndhapuk IKG (Ikatan Keluarga Gunungkidul) sing sumebar ing pirang-pirang panggonan ing Indonesia.

*****

LATAR

Seni Rakyat DIY Pawitan Gedhe Pamardining Budaya

MANGGA sami sesarengan motret blak gegambarane seni-budaya rakyat, tradhisi kerakyatan masarakat DIY, ing satengahing maneka warna seni-budaya, pepak jangkep tan wonten kang kasingsal. Sinareng wontenipun Tim Penyusunan Pokok-pokok Pikiran Kebudayaan Daerah (PPKD) ing Kabupaten/Kota sa-DIY, 2018, kados ingkang dipunajab sarta kadhawuhaken dening amanah Undang Undang Nomor 5 Tahun 2017 tentang Pemajuan Kebudayaan, cetha bilih masarakat DIY kagungan bandha bandhu pangaji ageng, agung, luhur, lan luhung awujud "Objek Pemajuan Kebudayaan" (OPK), kalabet ing ngriku babagan seni, sanajan dereng dipun cacah lan cathet kanthi pratitis permati.

Dilalahipun, DIY inggih sampun kagungan Peraturan Daerah Istimewa Nomor 3 Tahun 2017 tentang Pemeliharaan dan Pengembangan Kebudayaan. Perdais punika sampun dipun laras kaliyan bakuning sedya UU No 5 Tahun 2017. Sampun jumbuh lan trep. Pramila woten ing Perdais kasebat, ugi wonten sesebatan OPK, utawi perangan budaya ingkang kedah dipun udi amrih majeng, lestantun, lan langgeng ngrembaka.

Wonten pundi dunung lvenggahipun OPK Seni ing antawisipun OPK sanesipun? Mliginipun ing babagan seni rakyat, seni tradhisi kerakyatan? Sanesipun OPK Seni, ing babagan panggulawenthaing lan pangrembakaning kabudayan wonten OPK Nilai-nilai Budaya, OPK Pengetahuan dan Teknologi, OPK Bahasa, OPK Adat Istiadat, OPK Tradisi Luhur, lan OPK Benda (Pasal 5 ayat 1). Dene OPK Seni ing Perdais (Pasal 5 ayat 7) kasebut kaperang dadi, (1) seni pertunjukan, (2) seni rupa, (3) seni sastra, (4) film, (5) seni musik, lan (6) seni media. Pramila, menawi dipunpadosi dunung lan lenggahipun seni-seni rakyat saget mapan ing sedaya OPK. Kanthi mekaten, babagan seni-seni rakyat DIY ingkang gunggungipun kathah sanget, lan bobot kerta ajinipun inggil-unggul, saget dados sangu utawi pawitan anggenipun sami badhe damel kupiya pamardining lan pengrembakaning seni budaya rakyat ing saindenging laladan DIY.

Ingkang tansah ndamel reridhu, ing DIY ngantos dumugi samenika dereng wonten gelar seni budaya ingkang ngedap-edapi, saged damel cingak temolehipun tiyang kathah, jujuganipun tiyang-tiyang jawi rangkah, ingkang sami suka bersiyar kaliyan mriksani langen panglipur tumanja, panglipur ingkang ageng mangfangate tumrap jiwa, batin, ugi rohani. Kedahipun, menawi ngengeti pawitanipun warga DIY ing babagan seni budaya, segah seni unggul-mejila, ajeg ginelar, saged dipungatra, dipundamel lan kawontenaken ing DIY. Sepinten awratipun? **(Tim Sempulur)**



MIRUNGGAN

ꦩꦶꦫꦸꦁꦒꦒꦤ꧀

Saben-saben Pawe Saben-saben Festival Seni Rakyat Sumlempit

TUMEKAN saiki, isih dadi parang pitakonan, yagene Ngayogyakarta (DIY) durung duwe atraksi seni kang ngedab-edabi, gawe cingak gumun, narik kawigatene wong-wong ngamanca, ajeg lumintu kaadani, kalebu agendha saben taune. Kamangka, seni lan kesenian riptaning para winasis ing babagan kabudayan, para paraga seni kang pinunjul, gunggung cacahe akeh banget, turah-turah, tur akeh kang pinunjul. Apa pancen priyayi Ngayogya ora kersa kondhang? Jarene, priyayi Yogya iku ora seneng munggah aleman, golek kuncara mung saka amarga rebut dhukung pamriksa kang akeh cacahe, gumyak sumyak suwasanane. Rasa Yogya, iku rasa adhem ayem lan tidhem premanem. Aja kagetan, aja gumunan. Tenane?

Blak gegambarane (peta) gunggung lan bobot rumpaka, riptan, lan anggitan seni-seni ing DIY, yasane para seniman tradisi, modheren lan kontemporer, kalebu paraga pemangkune adat tradisi, ritus, basa lan susastra, katon maneka warna, akeh, lan sumebar. Ning, miturut pangandikane Rudhito Widagdo, manten diplomat kang remen marang seni-budaya, kalepyan anggone gegatra ing babagan manajemen utawa pangreksaning seni-budaya.

Prof Sutaryo, dhokter sepesialis anak kang remen marang kabudayan, uga nate ngendika, yen kadulu saka kahanan mutu seniman lan bobot yasan senine, Yogya iki katon mejila, apik tur nengsemake, nanging tumekan saiki Yogya durung duwe pagelaran seni kang ajeg, apik tur ngangeni, bisa dadi jujugan para pamriksa saka ngendi wae, kalebu turis jaban rangkah. Prof Sutaryo banjur dangu seniman Didik Nini Thowok, Marwoto Kawer, Singgih Sanjaya, lan Ki Pardjojo supaya suka caos katerangan bab kahanan satemene ing tengahing masarakat.



Peserta pawai FKY 30 ***(Foto-fid)***

Jarene, katerangan para seniman kang padha didangu iku bakal dadi pawitan anggone gawe rancangan pasamuan mirunggan para kadang seniman, rembug budaya. Pancen, akeh gelar seni-budaya kang kaadani ana ing tlatah DIY. Meh, saben dina, saben wengi mesthi ana agendha seni-budaya, patingtlecek. Malah, wis kerep kaadani bandung barengan, kang sumebar papan panggelare. Ngendi-endi ana tontonan. Nanging, ora kabeh bisa tumanja. Durung ana kang mejila, unggul, kang dadi kawigatene masarakat internasional. Kepara ana kang ngendika isih luwih kang "kelas ecek-ecek". Kamangka, ing babagan seni-budaya, kurang apa DIY iki?

Festival-Pagelaran-Pameran

Saben-saben pawe utawa gawe arak-arakan. Saben-saben festival utawa sayembara. Saben-saben anggelar panggung apresiasi, panggung kanggo bebering seni, saben-saben pameran, saben-saben gawe upacara adat. Akeh kang paring pambiji, tumekan saiki durung ana kang winastan unggul lan gawe tenger kasudibyane Ngayogya. Pambiji kang kaya mangkono iku durung karuhan bener. Sanajan durung ngedab-edabi, Ngayograkarta duwe lan nate duwe agendha seni-budaya taunan kang bisa dadi petingan utawa agul-agul ing tembe. Kayata, *Yogya Bienalle International* (seni rupa), *ArtJOG* (seni rupa), *NgayogJazz* (musik), *Pekan Budaya Tionghoa Yogyakarta* (ragam budaya), *Jogja International Performing Arts Festival* (seni pertunjukan), *Asia Three* (seni tari), *Jogja Art Street Festival* (arak-arakan), *Yogja Java Carnival* (arak-arakan), *Yogja Wayang Night Carnival* (arak-arakan), *Yogja Gamelan Festival, gaung gamelan* (musik), *Bedhog Arts Fetival* (tari/pertunjukan), *Jogja Fashion Week* (busana), *Pasar Kengen Yogya*, kang kondhang tebane wis tekan jaban rangkah. Nanging, ya ora kabeh bisa maju, undha usuk kahananane, pasang surut laku lampahe, ora kabeh ngumandhang sumebar daya pangaribawane. (Sajane, Ngayogyakarta duwe agendha kang bisa gawe pengeram-eram, nanging ing babagan kridha dirgantara, "International Yogya Air Show").

Kajaba saka iku, akeh agedha lokal kang diadani setaun sepisan, kang durung mumbul dadi agendha nasional kang mejila. Festival Kesenian Yogya (FKY) durung geser saka kahanane, ajeg. Festival Sendratari, Festival Kethoprak, Festival Teater, Festival Karawitan, Festival Jathilan, Festival Dhagelan Mataram, Festival Dhalang Cilik, Festival Padhang Bulan (Gejok Lesung), Festival Layang-layang, Festival Bentara Upacara Adat, Festival Batik, Festival Dolanan Anak, Festival Yogya Tempo Doleloe, lan sawetara festival liyane, kabeh durung ana kang bisa dadi agul-agul. Ing Ngayogyakarta uga kerep kaadani pagelaran seni kayata wayang purwa, kethoprak, jathilan, musik campursari, keroncong, seni-seni adat tradhisi, kang cacahe angel dietung. Nanging, durung ana kang bisa dadi agul-agule DIY.

Blak gegambarane (peta) seni-budaya, gampang tinemu arak-arakan utawa pawe, saka tataran dhusun nganti tataran propinsi. Maneka warna festival uga kaadani, saka festival kuliner nganti festival seni kontemporer. Meh saben dina, ana pameran kang kagelar, saka pameran sandhangan, pameran gambar nganti pameran perkakas lawasan. Malah ana kang wis tau nyacah, ngetung akehing festival ing DIY, saben taun ora kurang saka 70 festival. Ing DIY meh saben dina tansah ana seni lan budaya kang kagelar, sumebar saindenging DIY. Mula, banjur ana pejabat kang ngendika Yogya pantes dadi "ibukota budaya". Nanging, tumekan saiki DIY durung duwe agendha seni kang bisa diagul-agulake. **(Tim)**

Katon Methok-Meloking Seni-seni Tradhisi Pacaking Kawula Murih Kuncaraning Praja

ANA sisih ngendi seni-seni tradhisi kerakyatan sumlempit? Katon methok, cetha wela-wela nglegena apa katon melok, samar kebak rumpaka perlambang? Yen seni tradhisi kerakyatan kagelar dening para paraga kang saben dinane tansah ngleluri, ngipuk-ipuk, ngurip-urip kanggo pangrembakane seni tradhisi lan dadi jalaran sesulih pangupajiwane para paraga, seni tradhisi mau dadi katon methok. Nanging, yen seni tradhisi kerakyatan kagelar dening paraga dadakan, ora gegilut ing pamarsudining seni tradhisi ing saben dinane, lan pagelaran kaangkah dadi sarana sedya saliyane pangrembakane seni tradhisi kang ginelar, kepara hamung pamrih ing opah (honor), mula bisa ingaran melok, utawa katon miring yen kadulu, durung cetha tlonjonge.

Kethoprak

Kepiya wae, seni kethoprak iku salah sawijining pratandha nyata kabudayaan DIY. Kethoprak jumbuh gathuk jatidhirining DIY. Kepara, DIY dadi sumber baku tata rakit seni kethoprak tradisi Mataraman. Kethoprak Mataram. Sanajan saiki wis ora ana grup utawa perkumpulan kethoprak kang kondhang kajuwara, nanging seniman lan paraga seni kethoprak isih akeh lan padha grengseng anggone nawung kridha leladi marang masarakat. Meh saben desa duwe pemain kethoprak. Tumekan saiki, isih akeh kang nggemeni olah seni kethoprak, saya akeh para wiranem kang baut gegulang ini seni tradhisi kerakyatan iki. Saperangan malah wis padha gawe rumpakan kethoprak gagrak anyar kaya kang dikarepake para wiranem.

Widayat, Sarjana, Ign Wahono, Bondan Nusantara, Yuningsih, Marsidah, Suradali, Sugiyarto, Marwoto, Tuminten, Slamet HS, Marjiyo, Sugeng Surono, Miyanto, lan para sepuh liyane isih padha wanter lan sregep anggone ngayah-ayahi munggah panggung. Semono uga, angkatane Santosa, Bayu Sugati, Tuwuh Bachroni, Warjudi, Sugiman DN, Bagong Trisgunanto, Bayu Saptomo, Hargi Sundari, Sri Budiyati, lan liya-liyane, uga isih asring munggah panggung. Uga padha pentas gabungan, nyawiji manggung bebarengan.

Festival Kethoprak ing Kabupaten/Kota lan tataran DIY saben taun uga tansah diadani.Akeh para mudha kang padha grengseng anggone marsudi seni tradisi kethoprak. Kayata kan dumadi ana ing Festival kethoprak antar Kecamatan ing Kabupaten Sleman. Pagelaran Seni Kethoprak tumrap kabupaten Sleman wis dadi agenda kegiyatan taunan. Jalaran kesenian kethoprak kalebu perangane seni budaya masyarakat sing bisa dadi wahana mujudake kapribaden bangsa.

Wektu iki saendhenging tlatah Kabupaten Sleman duwe grup utawa kelompok seni kethoprak gunggung 74. Ewa semono, durung kabeh desa (86) duwe kelompok seni kethoprak. Mula kanggo ndudut masyarakat Dinas Kebudayaan Sleman anggone ngadani festival kethoprak isih migunakke tataran kecamatan. Satemah saben taun festival mesthi panyartane 17 kecamatan. Festival kethoprak kasebut diadani minangka perangane Gelar Budaya Jogja







Parade Festival Kethoprak Sleman ing Kecamatan Turi ***(Foto-fid)***

HY. Aji Wulantara, SH, M.Hum., Kepala Dinas Kebudayaan Kabupaten Sleman nalika ngadani Festival Kethoprak 21-26 Juni 2018 ing Kecamatan Turi, marang *SEMPULUR* ngandharake Kabupaten Sleman duwe 1580-an grup/kelompok seni. Saka gunggung kelompok seni kasebut, 74 grup minangka seni kethoprak.

Kanthi festival kethoprak ajeg saben taun, Dinas Kebudayaan Sleman duwe pangangkah:

1. Seni Kethoprak ditresnani masyarakat sakukuban kabupaten Sleman.
2. Nuwuhake kreatifitas seni ing masyarakat laras kemajuwane jaman.
3. Nuwuhake bibit seniman-seniwati kethoprak kang mumpuni.
4. Sumbangsih Kabupaten Sleman, mujudake keistimewaan Daerah Istimewa Yogyakarta
5. Mujudake masyarakat Sleman Berbudaya, jumbuh kalawan Visi Kabupaten Sleman Layak Anak.

Mligi pangangkah angka 5, Pak Aji Wulantara, jlentrehake; ing mengkone, sawuse Kethoprak bisa ndudut kawigatene para mudha-mudhi generasi penerus. Lumantar seni budaya generasi penerus ora bakal oncat saka kapribaden kang adiluhung. Mula jroning Festival Kethoprak ana angger-angger tumrap para paraga winates umur-umurane.Kalebu kudu ana para mudha-mudhi kang dari paraga.

Mengkone, kaangkah lamun seni budaya sing ana tlatah Kabupaten Sleman bisa tuwuh ngrembaka, para mudha-mudhi uga gelem gilut, gladhen lan tresna seni budaya. Ora bakal tinemu bocah-bocah padha tumindak "Klithih". **(pdm/nya)**

Jathilan "Mlebu Kraton"

SENI rakyat Jathilan, kaya dadi kesenian *endemik*, tegese sumrambah ing sadhengah papan. Saben desa, malah saben dhusun ing DIY pada duweni grup jathilan. Ana kang laris ditanggap, ana kang beber setaun pisan nalika merti dhusun. Emane, seni Jathilan akeh kang ninggal rasa senine lan kedlarung dadi "akrobat ndadi", utawa katunggu anggone para paraga padha ndadi (*trance*), ngedan bedhigasan sakarepe lali purwaduksina. Uga akeh kang banjur kacawisake sakanane, kayata kostum lethek sruwal-sruwal, utawa sandhangane sakecandhake, wirama iringane waton seru gumyak, rumpaka joget tanpa waton, sindhenan sakarepe, lan lakune baku carita ora kaudi. Ora ana isi wulang lan gatraning panjangka kang sinandi.

Kamangka, yen kaparsudi kanthi becik, Jathilan bisa dadi kesenian rakyat kang endah kadulu, resep karpiksani, lan gawe ati marem sanajan sarwa sarwi prasaja corek ragam jogete, sandhangan busanane, wirama iringan kendhangane, gumyak prasaja senggakan sindhenane. Saiki wis akeh "jathilan alus" kang kaudi dening para peraga lan penguri-uri budaya jathilan. Nalika kabeber katon resep pangrakite, kepenak dideleng, empuk ulem kapireng.

Jathilan, wis ana ahline, Doktor Kuswarsantya (KRT Candrawasesa), kang tansah gawe pangudi amrih Jathilan bisa dadi seni rakyat kang pinunjul, bisa dadi agul-agule rakyat nalika caos sugata marang para luhur lan tetamu. Kayata nalika Dr. Kuswarsantyo ngaturake Jathilan lakon "Asmarajati" ing Pagelaran Kraton Ngayogyakarta, minangka leladi marang Festival Panji Internasional, wulan Juli 2018. Saliyane kuwi, Kuswarsantyo kang uga Dosen FBS Universitas Negeri Yogyakarta uga tansah mugen anggone leladi marang warga padesan kang padha marsudi ing seni jathilan. Sanaja Kuswarsantyo iku uga ahli



Jathilan lakon "Asmarajati" ing Pagelaran Kraton Ngayogyakarta, ***(Foto-fid)***

ing babagan seni tari klasik gagrak Ngayogyakarta, kepara uga paraga tari klasik, nanging ora wigah-wigih lumarap bareng para paraga jathilan ing krang pradesan. Piyambake uga ngripta Jathilan kang sumber caritane ora saka Serat Panji nanging saka babad Tanah Jawa.

Dene Jathilan Asmarajari, nyaritakake Prabu Klanasewandana kang kasmaran marang Dewi Sekartaji (Galuh Condrokirono) yang wis bakal kadhaup dening Panji Asmarabangun (Inu Kertapati). Rumpakane Jathilan Asmarajati wis ora mantra-mantra yen jathilan amarga luwih katon sendratari. Nanging, babar blas ora kelangan rasa jathilane, ya saka salah jogede, bawa pocapane, sandhang penganggone, wirama iringane, lan uga baku caritane. Lan maneh, bisa gawe marem amarga kang padha beksa jathilan sumrambah kakung lan putri, tuwa lan enom, kepara bocah-bocah cilik. Pangrenggane iringan uga mirunggan kagarap pratitis, katon keprungu jangkep lan resep. Mula Jathilan Asmarajati bisa dadi tuladha anggone gawe cara lan yasa kagunan seni kang adhedasar petung lan kerta aji lantiping pikir lan luhuring sedya. Sanajan seni rakyat, Jathilan kepareng marak kiprah ing Kagungan Dalem Pagelaran Kraton Yogyakarta. **(pdm)**

Sleman Yasa Aplikasi E-SIKS

PAMARSUDINING seni lan budaya, kaya kang kaamanatake dening UU Nomer 5 Taun 2017 lan uga Perdais Nomer 3 Taun 2017, kudu tansah linandhesan data kang akurat. Tegese, anggone bakal gawe lestarine kabudayan kudu tansah kinanthen anane data lan informasi mutakhir kang sanyata ana lan dumadi ing masarakat. Pamarsudine lan pangrembakane kabudayaan uga mituhu marang garis paugeran utawa pranatan kang gumathok. Mula, pamarentah dhaerah uga tansah gawe kupiya amrih data, informasi, lan kahanan sanyatane tumrap objek-objek pemajuan kebudayaan, tansah sumadya jangkep, ora ana kang kecicir.

Dinas Kebudayaan Kabupaten Sleman suka lelayanan aplikasi *Elektronik Sistem Informasi Kebudayaan Sleman* (E-SIKS). Kanthi E-SIKS diangkah bisa aweh lelayanan paripurna marang para kadang kelompok seni budaya ing tlatah Sleman.

Bupati Sleman Drs. Sri Purnomo, M.Si nalika nindakke launching aplikasi E-SIKS bebarengan karo adicara pambuka Festival Kethoprak taun 2018 ing komplek Kantor Kecamatan Turi (26/6/2018) nandhesake, lumantar lelayanan E-SIKS Kabupaten Sleman bisa luwih maju anggone suka lelayanan marang grup/kelompok seni budaya.

Kajaba bisa aweh lelayanan paripurna, kanthi E-SIKS Sri Purnamo uga duwe pangajab, Pamarintah Kabupaten bisa nikelake pembinaan kelompok-kelompok seni budaya tradisional sing ana saendhenging Sleman.

Kepala Dinas Kebudayaan Kabupaten Sleman, HY Aji Wulantara, SH, M.Hum mratelake, menawa sadurunge parisuka lelayanan E-SIKS, masyarakat seni budaya duwe panganggep ngurus Nomor Induk Kesenian (NIK) ribet, angel lan pawadan liya, satemah ogah ngurus NIK. Mula sawise diadani E-SIKS diangkah kabeh kelompok seni budaya sakukuban Sleman bisa kadaftar lan duweni NIK.

Aji Wulantara uga ngandarake, manawa ngurus NIK ing Kabupaten Sleman kanthi gampang lan lelahanan/gratis. Jalaran masyarakat bisa langsung saka ngendi papan bukak E-SIKS, ngisi blangko hamung butuh wektu udakara menitan wis bisa. Sabanjure Dinas Kebudayaan Sleman nindake panaliten berkas. Sawise berkas lengkap, petugas saka Dinas Kebudayaan nyocoke kanthi silaturrahmi ana lokasi kelompok seni budaya. **(nya)**

Modin Ngesuhi Masarakat Sepi ing Pamrih Rame ing Gawe

Kaum rois utawa modin duwe kalungguhan kang dhuwur ing strata sosial masarakat Jawa. Iki ora bisa uwal saka proses mlebune agama Islam ing Tanah Jawa jaman kawuri, kang ngrangkul budaya lan adhat Jawa saengga Islam, budaya lan adhat Jawa bisa lumebur kanthi harmonis. “Arabe digawa, budayane dijaga, budi pekertine (akhlak) diresa,” ngono pratelane Mas Riyo Reksa Winata Wasiludin, Ketua PCNU Kabupaten Kulonprogo kang uga minangka juru kunci pesarean trah Adipati Paku Alam Girigondo Kulonprogo marang **SEMPULUR.**



Modin ***(Foto- smn)***

Kabeh kegiatan masarakat kang ana gayutan karo ritual agama Islam, dipandhegani dening sesepuh agama kang biasa disebut kaum rois utawa modin. Kawit mimpin donga wilujengan, imam salat ing mesjid, nganti tekan ngrukti jenazah lan kirim donga kubur, masarakat pasrah marang kaum rois kasebut. Apamaneh ing ritual slametan utawa asring disebut kendhuri wilujengan. Masarakat Jawa duwe kapitayan, supaya kabeh kajad kekarepane bisa kasil kayata mitoni, kelairan bayi, manten, khitanan, sukuran, gawe omah, tirakat, pengetan kematian lan sapanunggalane, kabeh kajad mau bisa lumaku kanthi apik, lancar, tanpa ana rubeda apa-apa, kudu ngadani slametan. Wong kang kapercaya ngikrarake (ujub-ujub) kajad slametan ora ana liya kejaba kaum rois. Ujub slametan kanthi nyebutake kajad kang disimbolake sega tumpeng, sega golong, wuduk, ulam sari, among-among, jajan pasar lan sapanunggalane, lan dipungkasi kanthi donga wilujengan kanthi entuk panyengkuyung amin saka masarakat kang rawuh.

Semono uga nalika ing tengah masarakat ana sripah, kaum rois kang dadi jujugan ngrukti jenazah. Kawit ngedusi, ngafani, nyolatke jenazah nganti tekan rampung kubure mayit. Malem sabanjure nganti tekan telung dina utawa pitung dinane, nalika keluwarga sungkawa ngadani tahlil kanggo ndongakake mayit, kaum rois uga kang bakal mandhegani nganti paripurna.

Semono gedhe labut labet kaum rois tumrap masarakat minangka suh lan pengarep ing babagan ritual keagamaan lan kemasarakatan, kena diarani kaum rois utawa modin iku pejuang kang sepi ing pamrih rame ing gawe.

“Kaum rois menika minangka tiyang ingkang dipunsepuhaken wonten desanipun. Dados sinaosa tengah ndalu saweg sare, lajeng masarakat wonten sripah umpaminipun, kaum rois tetep badhe dipunjujul supados tindak wonten panggenan sripah. Umpami saweg kesah, mesthi badhe dipuntengga, saha sapiturutipun. Dados mboten peduli sedaya kawontenan, ungsum rendheng ketiga, jawah benter, siang utawi ndalu, menawi masarakat mbetahaken, kaum rois siaga tumandang gawe. Semanten ugi nalika dipunundang ngikraraken kendhuri wilujengan, sinaosa saweg gadhah pedamelan wonten sabin, nggih pedamelan kedah dipuntilar sawentawis kangge nyekapaken kendhuri wilujengan menika wau,” pangandikane Mas Riyo Reksa Winata Wasiludin mungkasi wawan rembug. **(smn)**

KAMPUNG PITU

Laku Luru Pasemoning Urip Tentrem Ing Punthuk Paredening Gunung Purba

ATER-ATER. Laladan Wisata Geo-ekologi Pathuk Gunungkidul. Kawimbuh daya pikat Embung ing pucuking gunung. Aktivis Kelompok Sadar Wisata (Pokdarwis) Desa Nglanggeran, Heru Purwanto paring andharan marang SEMPULUR kan ndherek Upacara Rosulan banjur karacik dadi palaporan edhisi iki.



poro warga kampung pitu umbul donga arak-arakan marang tlaga **(Foto-fid)**

DALAN tumuju Pedhukuhan Nglanggeran Wetan, ngrekel pereng nyabuk gunung, dalane tunggal munggah terus, nggubet punthuk-punthuk, eyup edhum kayoman dhapuran pring, wit sana, besi, sengon, grumbul empon-empon, lan saweneh taneman liya. Dalane wis dicor semen rong larik, winengku watu putih, nglumut lan tuwuh sesuketan. Yen mangsa udan, lunyu lan angel yen simpangan mobil. Ing puncaking redi Nglanggeran Wetan iku ana tlaga, mula kaprah kasebut RT Tlaga, warga masarakat Tlaga. Rukun Tetangga (RT) 19 iku saiki katelah Kampung Pitu, masarakat adat Kampung Pitu.

Dina iku, Rosulan. Warga ngumpul ing Bale Dhusun Kampung Pitu, banjur racik uba rampe kawadhan tenggok lan tampah, nata gamelan dan para seni tayub. Matenggok-tenggok sekul suci (nasi udhuk) lan ulam lembaran (ingkung ayam). Umbul donga arak-arakan marang tlaga, bali neng Bale Dhusun, muja donga bebarengan, banjur nanggap bebering seni tayub. Bareng karo iku, kabeh warga lan tetamu padha dhahar kembul, lan kacawisake dhaharan kang bisa kaasta kondur, sekul suci lan ulam lebaran rinacik ing wadhah saka nam-naman blarak. Guyup gumyak, rukun sumanggem.

Wadi-werdine Pereng Gunung

Kampung Pitu, ing perenging gunung api purba Nglanggeran ereng wetan, bawah Desa Nglanggeran, Kecamatan Patuk, Kabupaten Gunungkidul. Alam redi ageng, redi kang ing nguni mawa lahar panas lan magma, kang wus katelah minangka tilaran gumelaring lampah geologis ing jaman purba. Saiki, lahar wis dadi watu, dadi tilaran gunung api kang wus mati, kari tilas nanging gedhe pigunane tumrap ilmu pengetahuan geologi. Kepara, saiki wis kondhang dadi papan langen wisata lan papan pasinaon ing alam gumelar (laboratorium alam).

Kasunyatan, Nglanggeran ora winates minangka tilaran geologis purba, nanging uga nilar roncen laku jantraning janma pinilih kang lenggah bebadra, turun temurun, niti laku plajaring sujarah janma, mangrengga lampahing para kusuma kang ngembat aputung tumangkare budaya luhur, sedya utama, panjangka agung, tumuruning wahyu keprabon lan lajering kraton-kraton ing tanah Jawa.

Redi Nglanggeran, miturut pangandikane mBah Rejo Dimulyo





(101), sesepuh masarakat Tlaga, Gunung Nglanggeran iku luwih tuwa wujud lan awune. Mula, Gunung Nglanggeran iku satemene sedulur tuwane Gunung Merapi lan Segara Kidul. Gunung Nglanggeran, suwe dadi alas tutupan, gunung kang sinamar, ketutup wadining jaman. Jaman-majaman dadi gunung kang kebak ing wasita sinandi, datan kawiyak ing ngakathah. Ora jeneng mokal yen utusan saka Kraton Ngayogyakarta nate leluru aji dayane Gunung Nglanggeran. Nalika semana, utusan Kraton kang kuwawa ngudi anane pusaka, Ki Iro Dikromo, bisa kasil manggihake, banjur pusaka kaaturake. Sabanjure, akeh wong kang padha luru pangaribawane Gunung Nglanggeran, nanging padha akeh kang ora kuwawa. Hamung cacah pitung (7) somah kang kuwat manggon, bebadra ing perenging gunung sisih wetan, cedhak tlaga sumbering toya ing perenging redi. Ki Iro Dikromo nganti tumekan saiki katelah Eyang Iro Dikromo, cikal bakal masarakat Tlaga, masarakat Kampung Pitu, kampung kang kudu tangsah cukup dienggoni pitung (7) somah utawa kepala keluarga.

Pereng punthuk iku rada tenggar, jembare udakara 6 hektar. Tanem tuwuh jangkep, pekarangan, tegalan lan sawah. Sumber banyune uga tansah mili. Ana omah cacah sanga (9) nanging kang manggon tetep cacah pitu somah (KK), dumadi saka 30 jiwa. Mula omah-omah lang pekarangan ing Kampung Pitu sumebar, ora nggrombol cedhakan. Kang lenggah ing Kampung Pitu, keluwarga Warso Diyano, Surono, Sugito, Yatnorejo, Dalina Adi Suwito, Suhardi, lan Sumadiyono. Dene kang padha disepuhake, Ki Rejo Dimulyo, tedhak turune Eyang Iro Dikromo. Masarakat Tlaga, RT 19 Pedukuhan Nglanggeran Wetan, saiki katelah *Kampung* Pitu, dadi masarakat adat, kampung tradisi kang unik ing tlatah DIY.

poro warga kampung pitu Rosulan ing bale Dhusun **(Foto-fid)**



Sarana Rumaketing Warga

Masarakat adat Kampung Pitu, nganti saiki tetep memangun rumaketing warga, gotong royong, tembayatan ing urip saben dinane. Dene kang padha kaadani kanthi mirunggan, warga padha bebarengan ngreksa lan mengku upacara tradisi (1) tingalan, (2) tayuban, (3) rosulan, (4) ngabekten, (5) momong pedhet, (6) mong-mong montor. Tumekan saiki, banyuning tlaga uga isih padha dialap dening warga saka ngendi-endi papan kanggo banyu siraman manten lan upacara adat liyane.



Tingalan, saben taun Sesepuh Warga, saiki Eyang Rejo Dimulyo, gawe tinggalan kanggo mengeti dina lan pasaran (neton) temu taun, yasa kenduren ngundang tangga teparo. *Tayuban*, seni tayub tansah kagelar nalika upacara adat taunan, *Rosulan* ing sacelaking sumber Tlaga. Gendhing kang kanggo ngiring jogeding Tayub, uga wis pinesthi, yaiku *Blendrong, Ijo-ijo, Eling-eling,* lan *Sri Slamet*. Rosulan iku kenduren atur panuwun mring Gusti kang wis paring nugraha panen.

Ngabekten, kendhuren utawa slametan sawise kayu molo (penuwunan) wis kasil kapapanake nalika gawe omah. Sadurunge kaunggahake kayu molo nempuh laku siraman.

Mong-mong pedhet, saben ana raja kaya kang nglairake, cempe, pedhet, gudhel, apadene belo kang nembe lair banjur pada diadani slametan prasaja, kendhuren samadya. Na, kang unik, ing Kampung Pitu saben ana wong tuku lan duwe montor anyar, banjur gawe slametan prasaja, wujud sokur kaparingan sarana lampah anyar. *Mong-mong montor*. **(pdm)**

Ngonceki Piwulang Kampung Pitu



tlaga sing ono neng Kampung Pitu **(Foto-fid)**

ANGGONE gawe paugeran, kawasan Tlaga Nglaggeran Wetan kudu cukup kanggonan pitung somah, ora kena kurang ora kena luwih, iku satemene ngemu surasa, utawa piweling kang kawengku panjangka luhur, supaya tansah dumadine sambung kasantosaning alam lan lestarine panguripane manungsane, tetep imbang nyukupi. Kang lenggah mapan ing kono, panggaotan bedinane among tani, nara kisma. Wulu wetu tegal, sawah-pesabinan, karangktiri-pekarangan, tanem tuwuh woh-wohan, kayu godhongan, lan empon-empon kang bisa kapethik kaundhuh, bisa nyukupi kabutuhane warga. Semono uga, kabutuhan banyu- toya panguripane warga, kanggo ngunjuk, adus, umbah-umbah, lan reresik, kalebu kanggo pangupakarane raja kaya, bisa tansah nyukupi. Kepiye wae, imbang antarane dayaning alam lan gunggung kabutuhane manungsa kang padha gegarap, kudu tansah laras. Tegese, manungsa kudu tansah eling lan ngudi marang imbang lestarining alam kalawan momong kendhalining hawa nepsu kekarepane manungsa. **(pdm)**



mBah Rejo Dimulyo Tetuwaning Kampung Pitu



mbah Rejo Dimulyo tetuwaning kampung pitu **(Foto-fid)**

MITURUT katerangne keluwarga, mBah Rejo Dimulyo tahun 2018 genep 101 taun yuswane. Piyambake, dadi parampara dusun, lan sumbering kawaskitan, kawruh bab wisik wasita adine Gunung Nglanggeran lan Kampung Pitu. Mula, saben ana parang pitakonan bab Kampung Pitu lang sujarah budaya Nglanggeran, mBah Rejo Dimulyo tansah dadi jujugan. Kan sowan daleme, ora mung mligi warga masarakat Tlaga, Nglanggeran, nanging uga saka ngamanca desa, lan jaban rangkah. Kepara, padha pitakon bab kawruh kasepuhan, dening wong-wong kang padha nempuh laku nyecep daya pangaribawane Gunung Nglanggeran. “Kula niku sumerep piyambak, wiwit riyin. Kados niku, pereng gunung sisih kidul niku onten cahya sing sok murup mencorong, saben-saben onten. Niku rak paring sasmita,” ngendikane mBah Rejo Dimulyo karo paring andharan bab rawuhe para priyagung luru makna ing Gunung Nglanggeran.

“Kula niku nggih sok sami dianggep awune langkung sepuh. Sami tindak mriki mundhut katerangan maneka warna. Nggih kula ladosi sangerti kula. Simbah-simbah riyin ngendika ngoten, kula nggih matur ngoten,” ngendikane mBah Rejo Dimulyo sinambi lenggahan. Bab kang asring dadi parang pitakonan, yaiku bab pusaka Nglanggeran, patilasan watu tapak, Eyang Iro Dikromo, tlaga ing perenging redi watu, lan kawruh bab cara carane ngangsu daya pangaribawane alam Nglanggeran, uga pituduh jangkep amrih ayem tentrem uripe, gangsar panguripane. “Sedaya sing dumados niku saking kersaning Allah, sing kuwasa pun ngatur.”

mBah Rejo Dimulyo, turun Eyang Iro Dikromo, cikal bakal warga Tlaga, kang saiki katelah Kampung Pitu wewengkon Padukuhan Nglanggeran Wetan. Eya Iro Drikomo, iku priyagung kang kuwawa mupu sayembara mendhet pusaka saka pucuking Gunung Nglanggeran. Kabeh kang mupu sayembara kang diadani dening Kraton Ngayogyakarta iku ora padha kuwat ngudi tinemune pusaka, kejaba Eyang Iro Dikromo. Bareng pusaka kang wis suwe kasaputing pedhut lerem ing Gunung Nglanggeran bisa kapundhut dening Ki Iro Dikromo banjur kacaosake kondur ing Kraton. Sabanjure, Eyang Iro Dikromo lenggah bebadra ing Nglanggeran lan dadi cikal bakale Kampung Pitu, bareng karo 7 kaluwarga kang kuwat manggon ing papan kono. Eyang Iro Dikromo lenggah peputra nganti tekan seda lan sumare ing kana. **(pdm)**

Kostum Tumrap Seni Tradhisi

RERENGGAN lan busana sapangadeg kang asring disebut kustum, nduweni andhil kang mirunggan jroning nyengkuyung pentas seni ing panggung. Becik kuwi seni modhern apa dene seni tradhisi, kabeh mbutuhake panyengkuyung kustum kang laras karo karakter kang diparagakake.



irah-irahan lan kulitan yasan Pak Santosa ***(foto din)***

Mligi kanggo seni kethoprak lan wayang wong, babagan kustum ora bisa dianggep entheng. Sebab jroning seni tradhisi kethoprak apa dene wayang wong, kustum wis dadi ciri wanci utawa dadi titikan saka tokoh sing diparagakake mau. Lha yen tokohe akeh, otomatis kustum sig dibutuhake uga akeh. Kaya kang diandharake dening Bapak Samadi, pangarsa Paguyuban Wayang Wong "Suka Budaya" kang pidalem ing Lemahdadi, Bangunjiwo, Bantul, saben nganakake pentas, babagan kustum tansah nyedhot prabeya kang paling akeh.

"Awit mboten sedaya sanggar budaya, menapa malih sanggar budaya alit sing sifatipun inggih namung saderma kangge nguri-nguri seni tradhisi, anggenipun ambyur ing jagad seni mboten kangge pados arta utawi dipundadosaken panggaotan, sanggar-sanggar kados menika wau racakipun mboten anggadhahi kustum ingkang komplit. Manawi badhe ngawontenaken pentas, saperangan kustumipun kedah nyewa, kamangka sewanipun mboten mirah," pratelane luwih adoh.

Prekara sewa kustum sing dianggep larang, bab kuwi bisa dimaklumi. Sebab rega kustum wayang wong saka pengrajin utawa saka sing gawe uga ora murah. Awit panggawene pancen ngremit lan mbutuhake wektu suwe. Miturut Bapak Santosa, pengrajin tatah sungging wayang kulit sing uga baut gawe kustum tari lan kustum seni tradhisi liyane kuwi, kanggo gawe kustum wayang wong siji, komplit sapengangadeg mbutuhake wektu paling ora seminggu.

"Damel kustum wayang wong menika mboten saged cepet kados damel tatah sungging wayang kulit. Kustum wayang wong nggarapipun langkung ngremit. Kangge damel irah-irah, mligi topengipun mawon paling mboten betah wekdal 3 dinten. Menika nembe cithakan awal. Samangke taksih dipunproses malih. Gampilipun, saking kertas dipuncithak dados topeng, lajeng dipunpepe ngantos garing. Lha proses kangge nggaringaken menika ingkang dangu. Sasampunipun garing, topeng kalawau nembe dipunlapis kain lan salajengipun dipun paringi rerenggan," ujare Pak Santosa nalika Sempulur mertamu ing sanggare sing mapan ing dhusun Gendheng, Bangunjiwo, Bantul.

Luwih adoh priya klairan Pebruari 1952, sing wis suwe ngguleti kerajinan kustum seni tradhisi kuwi ngandharake, manawa kanggo gawe topeng-topeng wayang mau wis ana cithakane dhewe. Cithakan kasebut ana sing ginawe saka kayu lan ana sing saka semen. Kabeh ana 3 jinis yaiku:

1. Ploncon kethon kanggo nyithak topeng sing modhele bunder upamane topeng sing dianggo dening para pendhawa, wiwit Puntadewa, Werkudara, Janaka lan Nakula Sadewa.
2. Ploncon dewa, sing modhele mlungker-mlungker kanggo cithakan topeng kaya sing digunakake dening para paraga dewa.
3. Ploncon tropong sing modhele dhuwur kaya kuluke Prabu Kresna lan Prabu Baladewa.

Kanggo gawe kustum wayang wong sapengadeg dening Pak Santosa regane dibandrol rong yuta patang atus seket rupiah, dene yen mung irah-irah lan kulitan (dumadi saka topeng, sumping lan plat bau) regane antarane wolungatus seket ewu rupiah tekan sangangatus ewu rupiah.

Senajan regane larang, nanging kustum-kustum kanggo seni tradhisi ing panggonane Pak Santosa ora tau sepi pesenan. Sing paling akeh saka sanggar-sanggar budaya. Nanging pesenan saka masarakat umum uga ana, senajan arang-arang. Yen saka masarakat umum biasane sifate mung kanggo koleksi pribadi.

"Kathah sanggar-sanggar budaya ing Yogya ingkang ngginakaken kustum damelan kula. Ing antawisipun SMKI, ISI, Sanggar Tari Pujakusuman lan sanggar-sanggar alit sanesipun ingkang sumebar wonten ing Yogya. Amargi tiyang ingkang saged damel kustum kangge seni tradhisi menika mboten kathah. Kula saged damel kustum kalawau, amargi kawit alit sampun srawung kaliyan seni tradhisi, wiwit wayang kulit, kethoprak lan wayang wong," ujare Pak Santosa pengrajin kustum kang uga seniman sarwa bisa iku.

Saka katrangan kasebut bisa ditarik dudutan manawa seni tradhisi isih tetep mili, tansah urip lan diuripi dening masarakat panyengyunge. Kabukti pesenan kustum ing panggonane Pak Santosa tekan saiki ora tau sepi.**(din)**

Keris Dhapur Mahesa Kebak Wulang Tumrap kang Sami Among Kisma

KERIS dhapur mahesa punika mratah umumipun kagem para kadang tani lan warganing masyarakat limrah. Tegesipun mboten gadhahi panguwaos. Umumipun menawi dhapur mahesa gadhahi pamor wos wutah kanthi pangajab keslametan. Kenging punapa kok kasebat mahesa utawi kebo, karana manungsa p0unika dipun ibarataken mahesa ingkang remen kungkum ing blethokan toya ingkang reged. Karana nafsu lan pepenginanipun manungsa punika kadangkawis mboten saget dipun kendhaleni. Pramila lajeng dipun sanepakaken kadosdene mahesa. Temtunipun nafsu ingkang awon ingkang ngajak manungsa dados awon.

Sinaosa makaten mahesa punika gadhahi piguna ingkang ageng tumraping sanak kadang ing padesan karena rosa menawi kangge nggaru. Namun emanipun menawi sampun ningali toya kemembeng lajeng njerum. Punika ingkang dipun sirik dening para kadang tani menawi nggaru utawi waluku sabin.Pramila wonten ing wulan suro ing Kraton Sala dipun arak mahesa namung ingkang bule karana dipun ajab sinaosa mahesa nanging dados mahesa pilihan ingkang kinacek ing mahesa sanesipun.

Wonten carios ingkang radi aneh ngeningi Keris Kangjeng Kyai Ageng Purbaniyat ingkang adapur Mahesa ingkang sejatosipun punika keris kagem pangkat Patih. Punika radi nyleneh.Sejarahipun keris punika gadhanipun salah satunggaling punggawa ing tlatah sakiwa tengnipun Kebumen. Keris punika lajeng dados duwung kraton karana aneh lan kebak carios ingkang radi aneh. Sejatosipun keris punika dipun agem kangge keris jabatan, karana kanthi pangajab ingkang luhur. Sepisan keris punika kasebat Kanjeng Kyai Ageng Purba Niyat. Menawi niatipun sampun kapurba dening panguwaos injih kedah setya dhateng ingkang murba, injih punika ratanipun. Lan keris punika punika pinangka pengeling eling dhateng pepatih Dalem. Bilih anggenipun dados patih punika dipunangkat saking kawula alit, pramila kedah tansah enget dhateng purwa duksina. Saya malih nalika jaman penjajahan pepatih Dalem asring dipunrimuk dening Walandi supados mirong kampuh jingga alias mbrontak. Keris punika pinangka pengeling eling bilih sejatosipiun jabatan pepatih punika injih saking Raja lan pepatih Dalem punika dipunpundhut saking kawula alit ingkang sinengkakaken ing ngaluhur. Dados kedah enget. Saya malih ing wekdal semanten Walandi ingkang ngragadi pepatih Dalem.

Miturut dongeng saking Romo Pono lan GBPH Yughaningrat, keris KKA Purbaniyat punika asring kendra saking wismanipun, alias ngilang. Meski ing Dalem paduwungan mboten wonten ananging kadhang kala ing blumbang Kepatihan rumiyin asring muncul pelus malah kadhang memba ulam Lelee ageng. Ananging anehipun kewan punika sanget lulut. Lan dening emban abdi dalem putri dipun elus elus kapurih kondur wonten dalemipun. Malah anggenipun dolan pelus kalawau mboten namung wonten saudheking kepatihan. Miturut dongeng malah sok dumugi Kebumen ugi. Pramila KKA Purbaniyat punika keris ingkang panci radi aneh. Namun sakmenika dipun leremaken wonten ing Dalem Prabayeksa Kraton Ngayogyakarta.

Wonten malih kagungan Dalem duwung pusaka injih punika Kangjeng Kyai Mahesa Gendari lan. Keris Mahesa Gendari mula bukanipun kagunganipun Adipati Danureja ingkang kagungan gelar Kangjeng Pangeran Haryo Kusumoyuda. Lajeng keris punika kacaosaken kraton nalika jamanipun Sinuwun Sultan Hamengku Buwono V. Njih wiwit punika keris punika dados kagungan dalem Sultan. Nanging sinaose asmanipun Maesa Gendari kanyata dhapuripun mboten dhapur mahesa ananging Paniwen. Malah wonten ingkang nyebat dhapur Sengkelat. Miturut abdi dalem keris punika sinarasah emas saking sor soran engga pucuking wilah.

Ujaring kandha Keris dhapur mahesa lajer punika panceripun kayasa dene Empu Mayang ing jaman Prabu Dwastrarastra raja ing negari Purwacarita sesarengan kaliyan pancer Carubuk. Dene dhapur mahesa wonten maneka warna, kasebat Mahesa Nabrang, Mahesa Nempuh, Mahesa Soka, Mahesa Sekandhang, Mahesa Lajer, Mahesa Maneges, Mahesa Pinarak lan sakpiturutipun.

(swa)





Kethoprak Ongkek Kethoprak Barangan

TAUN 1980-an mujudake taun mekare ketoprak kanthi maneka warna gaya lan akehe grup ketoprak. eman ing taun kasebut generari mudha ora pati melu kiprah ing kono. mula tanggal 8 september 1982 seniman-seniman tradisi kalebu nano asmorondono ngedegake ketoprak kanthi gaya utawa gagrak sing beda. ketoprak iki mau disawijekake karo unsur-unsur teater lan banjur dumadi apa sing sinebut teater ongkek. teater ongkek duwe dhasar keblat garape marang tradisi ketoprak barangan (ngamen). ketoprak barangan iki mau ngrembaka ing taun 1926-1927. ketoprak barangan ing taun kuwi kaprah katelah minangka ketoprak ongkek. istilah teater jinarag dilebokake ing jeneng teater ongkek kanthi pamrih supaya luwih kobet lan bebas mengkreasi ketoprak supaya bisa menehi imajinasi kekinian, ngangkat crita-crita populis. kanthi mangko diajab bab kuwi bisa narik kawigatene generasi muda.

Sing paling khas ana ing teater ongkek yakuwi kabeh pemaine ngenalake jenenge sarta dhapukane kanthi langsung marang penonton. Kejaba kuwi para pemaine uga bisa sesambungan gunem langsung (interaksi) karo penontone. Ing tengah-tengahe pentas umume uga bakal ana petugas sing nggawa tambir mubeng utawa marani penonton kanthi pangajab diwenehi saweran.

Kanthi tembayatan karo Pemerintah Daerah Istimewa Yogyakarta (Dinas kebudayaan DIY), Teater Ongkek Yogyakarta nganakake pergelaran kanthi lakon Gendruwo Wuyung ing Gedung Societet Militaire, Pagelaran iki mau ditindakake ing dina Sabtu bengi, 28 Maret 2018. Dhene naskah lakone ditulis dening Nano Asmorondono, sutradara Ari Purnomo, pimpinan prodhuksi Novi Kalur, penata iringan Den Eko, Rrias lan kostum Adriyanto, sarta penata tari Isma Imung.

Lakon Gendruwo Wuyung satemene meh padha karo lakon Bermana Kembar utawa Bermana Bermani sing uga kaprah digelarake dening ketoprak tradisi. Dene babon critane mbokmenawa nyuplik ing crita serial Anglingdarma. Bedane, lakon Gendruwo Wuyung ing teater ongkek iki digarap kanthi kebak dhagelan senadyan ora ninggal crita wigatine. Anane pelawak kayata Sugeng Iwak Bandeng, Poer Boncel, Aldo Iwak Kebo, Rio Srundeng, lan Novi Kalur kang melu ngregengake pagelaran Gendruwo Wuyung iki njalari penonton tansah ger-geran saka wiwit crita nganti pungkasane. **(abs)**

Salah sijine adegan Teater Ongkek "Gendruwo" ***(Foto-fid)***



Wayang Menak, Ngoyak Nyawijining Greget Anyengguh Werdining Wateg Ngayogyan



WAYANG Menak, wayang wong Menak, beksan Menak, wis nyawiji marang gumareget panyengguhing joged Mataram, beksan Ngayogyan. Beksan Menak, apa maneh Wayang Wong Menak, luwih mudha dumadine tinimbang beksan, bedhaya, lan srimpi. Tegese, beksan Menak kang linambaran sumber rasa pangrasa lan wujud kang kasat ing mata, jejogedan wayang golek (kayu) kang katindakake dening para paraga beksa abdi dalem beksan bedhayan.

Wayang Menak, Beksan Menak, nglampahake sumber carita saka Serat Menak. Golek Menak yasan Dalem Sinuhun Sultan Hamengku Buwono IX, udakara taun 1940-an, sawuse mriksani langsung gelar Wayang Golek ing dhaerah Kedhu nalika semana. Dening Ngarsa Dalem HB IX banjur reneka dadi beksan kang lelandhesan kawruh joged Metaram, kaentha golek wayang pindhane. Yasan Dalem iki uga paring pasemon, sabab golek (kayu) iku pepethan wayang kang gawe gegambaraning manungsa, bali maneh dirumpaka dadi "manungsa kang aniru laku lampahing (wayang) golek". Tari-tari utawa beksan kang ngemba lampahing golek kanthi paraga para juru beksa.

Laku lampah beksane, Wayang Golek uga milih sumber lalon galenganing carita kang kapethik saka babon carita *Serat Menak*, lakon-lakon saka jazirah Arab kang nyaritakake riwayat lelabuhane Amir Hamzah marang sumebar tumangkare ajaran Nabi agamaning Allah SWT, Islam. Lakon iku kasadhur ing Tanah Melayu dadi Hikayat Amir Hamzah, saka babon asline Qisaa il Emr Hamza, saka khazanah Parsi-Arab. Dening carik kapujanggan Surakarta, Carik Narawita (1717) awit dhawuhe Kanjeng Ratu Blitar ing jaman Sri Paku Buwono I, banjur kabesut dening pujangga Yasadipura I (1729-1802) mawujud dadi Serat Menak, lan dadi tradhisi turun temurun ing kapujanggan kraton-kraton Jawa. Tumekan saiki, Serat Menak lan lakon-lakon menak dadi sumber lakon kang penting bareng kalawan sumber lakon Ramayan, Mahabharata, Carita Panji, lan serat-babad sujarah Jawa.

Nalika tanggal 6-8 Mei 2018, Dinas Kebudayaan DIY ngadani pagelaran Wayang Menak ing Pendhapa Akademi Komunitas Negeri Yogyakarta. Kang padha beksa rombongan saka Perkumpulan Olah Seni lan Bahasa, Retno Aji Mataram, lakon *Geger Mukadham*. Perkumpulan *Jayengrana Winiwaha*. Perkumpulan Kesenian Suryo Kencono, lakon *Retno Marpinjung*, Perkumpulan Irama Tjitra, lakon *Widaninggar Boyong*.

Wayang Wong Menak yasan HB IX iki duwe bab-bab kang bisa dadi patuladhane para kawula anggone yasa kagunan beksa. Tetep cecepengan kawruh joged Mataram, nyawiji, greget, sengguh, nora mingkuh, kalebet deg lan laku bakuning lampah beksa, pangrenggane wateg gagah bapang, kambeng, kalang kinantang, lan wateg-wateg alus, impur. Beksan Menak, golek menak, dipun damel trep kaliyan wateging golek kang jumbuh kaliyan wateging para pelakon kang kaserat ing Serat Menak. Panitining beksan menak kados wonten ing *rubuh bareng, unjal nafas* kang dipundamel seje kaliyan beksan ing cariyos Mahabarata utawi Ramayan lan Panji. Bentenipun inggih wonten anggenipun kagungan cara gesangaken lampahing golek. Ugi anggenipun *ngenceng driji* lan *tolehan*, niru utawi memba watak wantuning gerak golek.

Sanesipun malih, Wayang Golek menika dening HB IX (1985-an) dipun rumpaka sesarengan kaliyan para empu





Salah sijining Pagelaran Wayang Menak ing Pendhapa Akademi Komunitas Seni **(Foto-fid)**

tari ing Ngayogyakarta, dipun damel supados saya sampurna. Ngengeti, Wayang Golek nate dangu mboten dipun gelar saking bibar kamardikan ngantos meh taun 80-an. Ngarsa Dalem dangu para empu, lajeng Golek Menak kapasrahaken supados dipun besut. Kepara, Ngarsa Dalem ugi ngersakaken babak perangan, methik gerak pencak silat Minangkabau. Woten ing mriki menika, HB IX saestu suka paring pangajak dhumateng para paraga budaya, supados tansah tembayatan memangun mekaring budaya sesarengan.

Ngarsa Dalem HB IX anggenipun yasa Golek Menak menika saget dados tetenger tuladha budaya bilih:

1. Kersa ngopeni sumber kreasi rakyat ing masarakat (wujud wayang golek) kagem yasa seni adiluhung kratonan;
2. Serat Menak dados sumber cariyos seni pertunjukan klasik istana, lajeng mboten winates sumber Ramayana, Mahabharata, lan Panji;
3. Damel krenah supados para paraga seni ing masarakat, para kawula kang sami amarsudi ing kagunan beksa, saget sesarengan caos urun rembug lan pambiyantu supados Wayang Golek Menak sansaya sampurna;
4. Saya nambah perangan paugeran-pakem kawruh joged Mataram saking sumber-sumber enggal, supados sansaya jangkep lan laras;
5. Reramu peranganing rasa budaya lan raga budaya saking
6. Paring warah bab damel pangrembakaning yasan budaya lan cara caranipun anggennya mendhet utawi ndudut mangfangating beksan lan warisan yasan budaya sanesipun.

Wayang Golek Menak yasan Dalem HB IX tuhu paring warah bab greget wateging warga masarakat Ngayogyakarta anggenipun sami hanyengkuyung tembayataning gesang pasrawungan ing alam Indonesia kang maneka warni budayanipun. Warga Ngayogyakarta, tansah momot samukawis kawontenan, sedaya ingkang tlonjongipun kagem Indonesia Raya. **(pdm)**





RUDHITO WIDAGDO
Sekretaris Jenderal GNI Berbangsa **(foto-fid)**

Kudune, Yogya Yasa Pusat Informasi Budaya

Rudhito Widagdo, SH, MBA, kalenggahan minangka Diplomat, yaiku Ministry Consultant Kedutaan Besar Republik Indonesia di Kerajaan Brunei Darussalam (2013-2016). Sampun ngayahe tugas diplomatik (1987-2016) ing Sidney, Manila, Osaka, Kinibalu, Tawau, lan pungkasan ing Bandar Sri Begawan. Wis asring mimpin delegasi lan tugas Kementerian Luar Negeri, kalebu ing babagan rakit bantuan luar negeri ing pemulihan bebendu tsunami ing Aceh lan lindhu gedhe ing Bantul. Priyayi kang asli Yogya, lan saiki asring lenggah ing Yogya, remen paring kawigatosan ing babagan pariwisata lan seni budaya. Kalawarti *Sempulur* diparingi kalodhangan wanwicara babagan panggulawenthaing seni tontonan ing Ngayogyakarta.

Pripun niki Pak Rudhito, anggene sama padha ngrenah seni budaya ing DIY?

KANG sepisanan kudu diugemi, Yogya iku dhaerah istimewa. Minangka dhaerah istimewa, mesthi ana kang luar biyasa. Bab ini bisa kanggo pancatan anggone bakal padha gawe pambyawara mirunggan, *promosi* gedhen. Yogya istimewa iku dawa critane, nanging kang baku sejarah panjang perjuangan anggone DIY ngukuhi, ngantebi, lan jumurung marang kamardikaning bangsa, 1945. Iki kang kudu kanggo cekelan baku. Kudu dadi andhalan anggone gawe pangiming marang wong manca praja supaya padha suka gawe kegiyatan MICE (*Meeting, Incentive, Convention, and Exhibiton. Red*) ing Ngayogyakarta. Apamaneh, karya seni maneka warna ana ing Yogya, lan kreativitas para pelaku senine ya ora kurang-kurang.

Lanjeng kados pundi caranipun, pun wiwiti saking pundi?

Wah, kudu disiapke *infrastruktur* primer lan pendhukung sing memadai, sarana lan prasarana kang jangkep, komplit. Mutu sumber daya manungsane. Pelatihan lan diklat SDM. Ning, iki kang asring dilalekake. Yaiku, kudu duwe petung bab sapa kang bakal dadi sasaran pasar utawa kang bakal diajab rawuh neng Yogya. Uga, ora kena luput ing petung bab pasamuan kang padha diadani ing Yogya. Dadi *segmentasi* kang tumeka rawuh sanja, besiar, lan blanja ing DIY kudu katemtokake, dadi *cetak biru segmen* tamu-tamu DIY, tamu *potensial* kang bisa gawe pisungsung marang kesejahteraan masarakat. Kayata hotel, hotel kuwi rak kanggo kalangan masarakat menengah. Kalangan atas. Kamangka, wong kang seneng rawuh ing Yogya iki umume malah seneng nginep ing *home stay*, kepara malah ana ing omahe warga.

Kedahe, saenipun kepripun?

Naa... mulane anane desa-desa wisata iku cocok karo *segmentasi* tamu manca lan jaban rangkah kang rawuh ing Yogya. Atraksi-atraksi utawa cawisan budaya, kayata seni pertunjukan, kerajinan, kuliner, cocok tanam, kahanan kampung desa malah dadi jujugan. Kamangka, satemene Yogya iku wiwit biyen wis katelah dadi dhaerah jujugan sawise Bali. Sebabe, Yogya duwe keunikan. Meh kabeh etnis Nusantara ana kang padha lenggah ing Yogya. Banjur Kraton Yogyakarta, kang duwe tata pamarintahan kang unik lan bisa narik kawigatene warga manca. Kagunan lan kaluwihan kang dumadi ing Kraton bisa dadi corong anggone padha gawe pambyawara, *promosi*, supaya padha kepengin tindak lelangen ing Yogya. Posisi dhaerah istimewa lan kraton iku penting, amarga nuwuhake tata pamarintahan kang unik.

Satemenipun. DIY menika sampun samekta samukawisipun. Punapa ngaten, Pak?

Punggawaning praja uga kudu mumpuni, wibawa, lan kalis saka tumindak dora-culika. *Profesional*, ora mung nunggu printah, nunggu dhawuh. Kudu ngerti persis, kahanan lan ruwet rentenging rakyat, ora mung winates dadi pejabat lan nglakoni *desposisi* pimpinan. Kajaba iku, masarakat, mligine para kang ngayahi bisnis wisata, kepiye carane kalatih bebarengan ngudi ngrembakane perekonomian rakyat Yogya. Pengrembakane bisnis, kang dikrenah tumajane marang wong cilik, ekonomi kerakyatan. Iki bisa dadi ciri utawa pertandha becik pangudining kemakmuraning warga. Kalebu, anggone ngupakara seni lan budaya masarakat. Desa Wisata iku kudu kaisi agendha budaya kang unik, lan ora tinemu ing laladan liya. Ing Yogya iki akeh banget seni-seni rakyat, seni-seni tradhisi, ning ora cumawis kanthi rinakit becik. Yen aku ngeterke tamu saka manca, anane ki mung Balet Ramayana Prambanan. Liyane, aku ora ngerti neng ngendi lehku arep mampir nonton. Jaran kepang, kethoprak, wayang wong, tari-tarian ...embuh neng ngenti lehku goleki. Kamangka taun 80-an neng Yogya ki akeh *venue* seni pertunjukan rutin kan bisa dijagakke pentase, saiki angel banget. Katone ya isih akeh pertunjukan, ning ora kajadwal kanthi gumathok, lan ora tumemen kabyawara.

Kuncinipun wonten babagan pundi?

Negara kudu madeg mandhegani. Pamarintah kudu yasa *Pusat Informasi Budaya*, informasi wisata, informasi seni pertunjukan, totonan kang gamblang lan gampang kaundhuh dening masarakat, mligini para wisnu lan wisman. Ora mung cukup nyetak brosur, bagi-bagi pamplet. Ing jaman digital iki, kudune luwih gampang lan semadya aplikasi publikasi kang canggih. Transportasi ya kudu katata. Ora ngisin-isini. Macet semrawut. Bares wae aku ki nate digawe cuwa dening kahanan patingtlecek pelayanan transportasi kang ora resmi ing air port. Aku wong Yogya, ya gampang le ngatasi milih tranportasi. Ning kanggone wong kang lagi sepisan teka neng Yogya, bakal kangelan, bisa salah pilih .... Katone saiki wis saya luwih tertib. **(pdm)**

Tayub, "Ritus Panglipur" ?

BUDIONO HERUSATOTO

TAYUB pancen asli jogedan gagrag Jawa. Miturut dongeng, tayub iku dadi sarana prantarane masarakat jaman kuno kang minta mring Dewi Sri (dewi kasuburaning bumi saisine), dimen sawahe subur, panene mbludag, uripe ayem, tentrem, lan mulya. Panjoged tayub umume putri, katelah uga: *ronggeng* (Sumatera, Betawi), *bangreng* (Subang, Sumedang), *lengger* (Purwokerto, Wonosobo, Magelang), *taledhek, tandhak* (Jawa Timur), *gandrung* (Bali, Lombok, Banyuwangi). Pigunan asline ing jaman kuno, kagem upacara adat: merti-dusun lan nikahan. Saiki dadi tontonan sing ditanggap kanggo panglipur ati, kang dikaremi dening masarakat padesan, para priyayi kutha lan sentana kraton, merga gayeng kanggo ngisi acara pesta utawa sukuran.

Panjoged tayub kudu pinter *ngigel* (njoged parikrama/bisa nguwasani panggung), *ahlul*/ ahli *nandhak*/nyindhen, uga trampil ing bab olah-wicara: sambung-rasa, sembrana-parikena, karo panonton lan *pangrawite* (penabuh gamelan). Uga prigel ngimbangi jogedane *pengguyub*/ *pengibing*/priya sing njogged bebarengan lan saksolahe tansah anggodha.

Tembung *angigel-angidung* (njogèd-nandhak) wis kasebat anahing serat gancaran *Wirata Parwa rikala* jamané Prabu Dharmawangsa Teguh (Kediri, 991-1017). Uga rikala jamané Prabu Hayam Wuruk (Majapahit 1350-1389) kasebat ing sesat *Nagara Kertagama* karyané pujangga Empu Prapanca. Luwih cetha maneh ing *Kakawin Gatotkacasraya* anggitané Empu Panuluh (1188) pujangga kraton Kediri jamané Prabu Gandra (1181-1190), nyebutaké: …. *"sang aulun malih anayub prasama linggih mangko." Jogèd-tandhak* utawa *tayub* asal saka Kediri iku misuwur nganti tekan jaman kraton Demak.

Saking misuwure, dikaremi dadi tontonan lan jogèdanè para priya-gung, priyayi, prajurit lan para kawula rikala jamane semana. Seni tayub dening para santri malah dianggo kagem dakwah rikala awalé jaman Islam (pra-Islam). Saka Demak nyebar ngulon tekan Pasirluhur/Pasir Batang, Cirebon, Karawang; mengetan tekan Gagelang, Pasuruhan, Pathi.

Rikala kraton Demak surut, banjur pindah Pajang, lan madege kraton Mataram, tayub tetep lestari. Kacaritaake rikala jamane Panembahan Sènapati (1586-1601), dhawuh marang putri pembarepé Sekar Pembayun, supaya dadi *telèdhèk*, mbarang mubeng negari kanggo sarana nglimput lan nelukaké Ki Ageng Mangir Wanabaya. Sekar Pembayun kasil dadi garwane Ki Ageng Mangir, banjur ngrimpuki keng garwa kersa-a sowan mring maratuwa. Kalané sujud ing samparan Dalem, mustakané Ki Ageng ginegem dèning Sang Prabu banjur kabentusna ing watu gilang kang dadi palenggahané Sang Prabu, sakala pralaya. Layone banjur dipetak ana ing Astana Senopaten Kutha Gedhe, nanging separo salirane ana ing jeron gedhong, dene bageyan ngisor ana ing jaban gedhong; kang ateges separo diakoni dadi putra mantune.

Kabeh kabar iku tinemu ing *Serat Sastramiruda* karyané Sastramiruda muridé pujangga kraton Surakarta K.P.H. Kusumadilaga, rikala jamané Paku Buwana IX (1861-1893). Panyerate nyebataké yèn tontonan *tayub* uga disebut *talèdhèk Demak*, asil anggitané para santri, ginelar dadi pambukané dzikir nganggo lelagon sing tinabuhan mawa tetabuhan trebang. kendhang, lan angklung, Ana santri lanang lan santri wadon ingkang piñata *angrempaki* (ngiringi nembang bebarengan), laguné angèmperi laguning gendhing pèlog utawa slèndro. Ing sabanjuré tayub mau sinebar lan dadi lelangening bangsa Jawa. Ing padésan miwah ing praja (kutha), wong cilik nganti priyayi, yèn duwé gawé mantu, tetakan, lan desa nganaake merti dusun, tesih padha kasukan bujana nayub. Sastramiruda banjur nyebutaké, jogèd talèdhèk (tandhak) melahi jaman Surakarta (Paku Buwana II) kabalèkaké mawa iringan gamelan, kawiwitan jogèd kang *saèmper srimpi* ing bab ukel driji-drijiné sarta alusing wirama jogèdané. Bareng tiba ing ungeling gendhing jogèd talèdhèkan, banjur salin solah bawa kang bèda adoh lawan jogèd *bedhaya* lan *srimpi* kang solah bawané alusan. Salin solah dadi jogèd kang tindak lan tanduké (solah bawané) sarwa *tegep* (tangkas) lan *teger* (kukuh), mawa solah tangan *ngethaplang*, suku *ngentrog*, awak *dhedhet wedhi kèngsèr* lan *sirig* (nyirig/mlaku miring lan mundhur).


Rikala jamané Paku Buwana III (1749-1788) malah asring nganaaké pagelaran tayub. Jogèd tayub banjur katata mawa *wewaton* patang tataran. Solah beksan tumrap *pengibingé* (priya kang ngimbangi/bebarengan jogèd karo telèdhèké), kabagi miturut drajat, pangkat *pengibingé*. Beksan tumrap: (1) *sentana dalem*/krabat kraton (putu-buyut tekan pangèran kang nora dadi narapraja), (2) *patih lan para narapraja*: bupati, nayaka, adipati mancanagara, (3) *bupati anom sapengisor* tekan penèwu lan mantri, (4) *lurah sapengisor* tekan para kawula.

Anane wewaton jogged tayub iku negesake yen tari tayub dadi pagelaran lan tontonan kang misuwur lan dhuwur drajate, lan bisa dimangerteni status sosial penanggape, olehe dadi abdi Dalem ing kraton Surakarta. *Serat Centhini* kang sinerat rikala jaman pamrèntahan Paku Buwana IV (1788-1820) lan Paku Buwana V (1820-1823) uga nyebataké yèn para tokohé lakon kang kacaritaaké iku gesang ana jaman Demak tekan jaman Mataram Islam, yaiku Sèh Amongraga, Suluk Tambangraras, Jayèngresmi lan emban Centhini; nyaritaaké bab tontonan tayub kang dijogèdaké dèning Ki Lembuasta, Pulung lan Wirasa.

Tekan jaman Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat, sejarawan Th. Pigeud ana buku *Javaanse Volkenvertoningen* (1938) malah nyebatake: 'ana punggawa kraton apangkat *Lurah Taledhek,* kang njoged saben ana upacara Garebeg'. Para lurah taledhek njoged ngliwati *tratag rambat* sisih wetan lan sisih lor-wetan tekan ing *Trarag Agung* kanthi gayeng lan nglucu, saenggo narik kawigatene sing nonton. Para *sindhen* kang sinebut *ronggeng* dadi pangiringe para lurah, kang padha njoged tayuban.

Sadurunge taun 2000, tayub uga kondhang ing tlatah kabupaten Gunung Kidul. Ben Suharto ing bukune *Tayub, Pertunjukan dan Ritus Kesuburan* (1999) nyebatake yen ing taun 1980, tayub tesih pinitaya dadi sarane ritus kasuburan, teksih lestari ing dusun Karangsari kecamatan Semin. "Asal-usul ritus kasuburan arupi tayuban menika kangge nggambaraken (pralambangipun) saresmi antawisipun priya lan wanita, kangge pralambaning kasuburan. Dados naming arupi ritus jogedan kagem minta berkahipun Dewi Sri ingkang tansah anjagi pantun, sahengga kaparingan tanah ingka subur, taneman pantunipun saged subur lan maringi asil panen ingkan mbludag, sarta anjagi kasarasan sarta kawilujenganipun masarakat sadusun mriku. Saking kowaripun jogedan tayub ing kawitan dados sarananing ritus kasuburan ing tlatah padusunan, lajeng benten ngrembakanipun ing kraton-kraton lan masarakat kitha. *

Budiono Herusatoto,
budayawan Jawa asal Banyumas.
Pensiunan PNS Pekerjaan Umum, Sarjana Filsafat.
Wis akeh nulis buku pengetahuan Jawa.



Buku Ilmu Kaweruh **(Foto-fid)**

Ngelmu Kaweruh

Buku "*Ngelmu Kaweruh Pawiyatan Pamong Jogja Istimewa untuk Indonesia*" dadi buku ajar wajib tumrap para siswa ing Pawiyatan Pamong. Buku iki ngemot seserepan bab sejarah Daerah Istimewa Yogyakarta, wiwit saka sejarah Mataram nganti sejarah perjuangan Sri Sultan HB X anggone anjejegake keistimewaan Ngayogyakarta. Uga pratela bab sejarah dumadine desa ing Indonesia lan ing DIY, saka jaman sadurunge anane peprentahan nganti tumekan desa sawuse UU No 6 Tahun 2014 babagan Desa. Ora katalumpen, bab sejarah UU No 13 Tahun 2012 babagan Keistimewaan DIY. Bab sabanjure ngrembug wawasan kebangsaan lan wawasan keistimewaan. Ing bab sabanjure kawedhar wawasan budaya DIY lan kapungkasi katerangan bab visi lan misi Gubernur DIY 2017-2022. Para panyusun buku, KRT Yudahadiningrat, S.H., KRT Rinta Iswara, Drs. R.Y. Sumino, Dr. Y Sari Murti Widiyastuti,Sh. M.Hum., Fajar Sujarwo, Ir. Kuncoro Cahyo Aji, M.Si,, Ir. H Syahbenol Hasibuan, lan Mohamad Bayu. Buku ini bisa nambah panuntun anggone padha nyemak lan lelacak saripati keistimewaan DIY. Bisa nuwuhake rasa pangrasa bab sumber sangkan, lekasing pawadan, lan paran purugipun keistimewaan kang pigana tumrap bangsa. **(pdm)**

Ngarang Ora Saka Awang-Awang

BUDI SARDJONO

PANGRIPTA susastra kondhang sinebut pengarang, klebu ewoning pawongan kang bisa diarani 'elok'. Awit bisa ngreka daya tembung dadi crita apik. Akeh wong padha kasengsem sabubare maca crita asil riptane. Ora sithik kang duwe panemu menawa critane dudu saka pangentha-entha (imajinasi) pangriptane pengarang. Nanging, iku kabeh kedadeyan ing alam kasunyatan.

Aneh? Satemene ya ora. Awit saka pintere kang ngripta bae. Karya susastra mono klebu karya fiktif. Tegese diripta saka imajinasine pengarang. Tambah kuat imajinasine pengarang, tambah nengsemake karya susastrane. Tambah nunjem ing atine kang padha maca.

Saben pengarang siji lan sijine duwe cara dhewe-dhewe anggone golek idhe utawa gagasan kanggo bahan critane. Ana kang seneng ing panggonan sepi amrih nemu idhe. Ana kang mlebu kapustakan, ana uga kang klayapan njajah desa milang kori paribasane.

Menawa ditakoni, "aku seneng golek idhe ing panggonan kang sepi utawa panggonan kang rame?" Dakjawab, "aku klebu bangsane pengarang kang seneng klayapan." Wose, idhe utawa gagasan mau ora tiba saka langit. Makbedunduk teka. Ora ngono. Nanging, kudu digoleki ing satengahe jagad pasrawungan, ing satengahe alam kasunyatan. Kondhange mono ethok-ethok ngadani riset utawa paneliten lapangan.

Rikala nulis novel *Sang Nyai* (Diva Press, 2011; cithak maneh 2015), pangripta pirang-pirang bengi ana ing pesisir Parangtritis lan Parangkusuma. Nemoni wong-wong kang jiarah ana ing cepuri Parangkusuma. Nakoni apa wong-wong mau padha percaya marang anane Nyai Roro Kidul. Saka Parangtritis pangripta banjur menyang Kraton Sala, ndelok lan maca sejarah dumadine Panggung Sangga Buwana ing kana. Takon-takon marang para abdi dalem Kraton Solo. Kabeh dakcatet ana ing pikiran

Apa ana gunane ba-bab kaya mangkono kuwi? Gedhe banget gunane. Rikala pangripta nyritakake lelakone tokoh novel, crita dadi 'urip'. Ora ngayawara lan waton ngawur. Mula akeh sing padha maos kang ngarani novel *Sang Nyai* minangka pengalaman pribadi pangriptane.

Semono uga rikala pangripta arep nulis novel *Ledhek Dari Blora* (Araska, 2018). Jalaran novel iki nyritakke nasibe para ledhek sakwise ontran-ontran politik tahun 1965, mula pangripta ora bisa amung nulis saka kamar. Ngenteni idhe tiba saka langit. Ngentha-entha ngayawara. Nanging nganake paneliten ing Blora, Cepu, Ambarawa, Plantungan Kendal, lan ngadani wawan-sabda karo wong-wong sing mangerteni kedadeyan jaman semana.


Pancen ora gampang. Butuh niat kuat lan semangat kang makantar-kantar. Pamrihe, novel sing arep daktulis ora mung dadi panglipur wuyung. Diwaca sinambi kalane nganggur. Bubar maca banjur lali kabeh critane. Nanging, sabisa-bisa aweh wawasan lan ngajak para pamaose banjur bisa ndeleng sejarah peteng rikala semana.

Riset utawa nganake paneliten ing tengahe jagad sesrawungan akeh gunane tumrap para kadang pengarang. Pengalaman pangripta sing wus lumaku udakara 40 taunan dadi pengarang fiksi (cerkak, novelet, novel), idhe lan gagasan ora entek-entek tumekane saiki. Kamangka akeh kanca-kanca pangripta sing wis mandheg ora bisa ngarang maneh, marga padha ora gelem ambyur ing satengahe masarakat lan nganake paneliten mau.

Awit saka kuwi, tulisan iki ora duwe tujuwan mulang utawa ngguroni para kadang pengarang. Tujuwane ya mung andum pengalaman menawa wis niyat dadi pengarang aja seneng ngarang saka awang-awang. Lire, aja wegah lan keset ngadani paneliten utawa riset ing lapangan. Maca buku kanggo nambah wawasan uga penting. Nanging, ora kalah pentinge, yen gelem ambyur ing tengahe pasrawungan.

Apa maneh yen arep nulis novel kang dawa. Arep nulis cerkak bae pangripta uga asring nganake paneliten dhisik. Pamrihe cerkak sik dakripta mau ora ngayawara lan waton gawe senenge sing padha maos. Nanging, bisa nggugah ati lan menehi bahan kanggo ngaca.


Amarga asring ngadani paneliten utawa riset lapangan, yen ta awake dhewe nyritakake kahanan jaman utawa lakune sarta wewatakane para paragane crita bisa dadi urip. Kaya-kaya awake dhewe ngajak kang padha maca lumebu ing sajroning crita. Kepara malah sok rumangsa ngerti lelakon kang awake dhewe gawe. Jalaran, crita mau ora adoh saka pengalaman urip kang nyata ana ing madyaning masarakat.




JEMPALITAN...
ENDHAS NGGO
SIKIL, SIKIL
NGGO ENDHAS...
YO MING
Rp5000,-...

Kartun Nrabas Mall







Salah sijine karyane kartunis internasional, Jitet Koestana ing pamerane Pakyio ***(Foto-abs)***

PAMERAN senirupa ing mall pancen durung pati lumrah. Umume pameran kaya ngono mau ditindakake ing galeri utawa papan mligi kanggo ajang kesenian. Semonoa ing PAKYO (Paguyuban Kartunis Yogyakarta) minangka paguyuban kartunis paling tuwa sa-Indonesia (madeg taun 1979) wani lan sukses nganakake pameran kartun ing Galleria Mall Yogyakarta. Pameran iki dianakake tanggal 13 Maret-22 April 2018. Dene temane pameran yakuwi Stand Up Cartoon. Pameran iku kaleksanakan amarga tembayatane PAKYO, Galleria Mall, Taman Wisata Candi Borobudur Prambanan dan Ratu Boko, Kabinet Kerja Guyonan House of Raminten, lan Dinas Kebudayaan DIY.

Stand Up Cartoon dening PAKYO ing Galleria Mall iki dipeloni dening 34 kartunis anggota PAKYO lan kartunis tamu saka Semarang sing duwe reputasi minangka kartunis internasional, yaiku Jitet Koestana. Pameran kartun dibukak kanthi resmi dening Setyawan Sahli SE MM minangka Kabid Tradisi, Seni, dan Film amarga Kepala Dinas Kebudayaan DIY, Drs. H Umar Priyono M.Pd. ora bisa rawuh merga ana agenda liya.

Apa sing ditindakake dening PAKYO ing Galleria Mall iki manut anggotane mujudake pameran sing sukses, greget, lan gayeng sawise pameran sing uga gayeng ing taun 2017. Pameran ing taun 2017 mau dianakake ing Bentara Budaya Yogyakarta kanthi tema Kartunistimewa. Adicara iki uga dipahargya dening wacan puisi dening Umi Kulsum, Musik Ukulele dening Junus dkk, sarta pagelaran Wayang Kartun dening Bagong Soebardjo.

Stand Up Cartoone PAKYO mesthi wae beda yen katandhing stand up commedy sing nate ngetrend ing televise. Semonoa greget lan *spirite* kurang luwih padha. Para kartunis PAKYO padha nyuguhake antarane 1-2 karya kartun, karikatur, komik, satiric, visual, lan liyane sing diajab bisa menehi panglipur lan swasana rekreatif marang masarakat. Rekreatif ing kahanan iki kejaba ditegesi minangka hiburan uga ditegesi minangka *re* lan *creation* (daya cipta) supaya masarakat sangsaya bisa berdaya cipta. Bali tumindak sawise nonton pameran iki.

Apa sing ditindakake PAKYO iki yen dijingglengi ora mung nyuguhake gambar utawa lukisan sing lucu, nanging uga nyuguhake maneka warna nilai utawa makna tinamtu kayata etika lan moral sing uga andhil tumrap kahanan urip ing masarakat. Kanthi pameran ing mall iki satemene PAKYO uga nguwalake *"la'art pour l'art"*. Ing kene seni (kartun) bisa didayagunakake kanggo menehi pencerahan tumrap masarakat, mbuh sethithik mbuh akeh.

Ing perangan liya, tumrap para pengelola mall, kanthi anane pameran kartun sing kaya ngene iki kaya-kaya kartun bisa menehi *alternatif* utawa *jeda* sing gawe seger kanggo nyasar *pangsa* pasar rada beda. Apa maneh Yogyakarta ing wektu saiki sangsaya akeh mall-e sing mesthi wae antarane mall siji lan sijine padha kompetisi. Mula kreativitas kanggo munculake program sing beda wigati dianakake. Pameran kartun mujudake salah sijine cara kanggo menehi *jeda* sing kasebut. Ngono cuplikan saka Kuss Indarto minangka ing pameran iki. **(abs)**







Para Sastrawan Sunda kang winengku Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda (PP-SS), kaembani dening Cecep Burdansyah padha sanja ing Ngayogyakarta ***(Foto-fid)***

Sastrawan Sunda Saba Yogya

KEBAK ing rasa paseduluran, nalika para sastrawan Sunda kang winengku Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda (PP-SS), kaembani dening Cecep Burdansyah padha sanja ing Ngayogyakarta, reriungan sastra kalawan kadang anggota Forum Penulis Sastra dan Budaya Jawa DIY ing Saung Banon Arts Godean, kagungane kaluwarga Alex Luthfi R-Nana Cunara.

Rawuh uga warga kiwa tengen Saung Banon Arts, Warga Komunitas Sanggar Bambu Yogyakarta, lan para sastrawan Jawa DIY, 5 Mei 2018 kepungkur. Sawise padha alam-alaman, banjur kacaosake buku-buku sastra Jawa, wujus antologi cerkat, geguritan, lan esei Jawa kang kababar dening Dinas Kebudayaan DIY lan Kalawarti **SEMPULUR** banjur katerusake padha maca geguritan Jawa lan sastra Sunda.

Dinas Kebudayaan DIY sansaya gumregah anggone ngudi amrih kukuh lan majune sastra Jawa. Mula, srawung dunung kalawan sastra-sastra dhaerah liyane kudu tansah kagrengsengake supaya nampah wawasan, seserepan, lan gumregahing sedya memangun budaya bangsa. Apa maneh kalawan sastra lan santrawan Sunda kang suwe gayut rumaket ing pasrawungan. Para sastrawan Sunda ing pasamuan iki suka katerangan kahanane para sastrawan ing laladan Sunda lan anggone padha duwe telah gedhe gawe lestarine sastra dhaerah.

Sanajan medhia cetak kang macak rubrik sastra dhaerah saya suda, malah kepara bisa ingaran langka, nanging para sastrawan Sunda ora nate surut saka laku jantraning kridha sastra. Kepara kahanan kang saya winates iku malah nuwuhake maneka reka daya, kayata sastra kang kapacak ing medhia on line, panggung sastra, sarasehan, lan pasamuwan climen ing pasrawungan. Sastra Sunda malah wis ngrembaka, duwe reka anane gagrak carita cekak ringkes, mung dumadi saka sawetara ukara.

Sambunge sastrawan Sunda lan Jawa temene caket. Ing antarane amarga sengguh lan sengkute sastrawan Ajip Rosidi kang wis mataun-taun paring Penghargaan Rancage tumrap sastra dhaerah kalebu sastra Jawa. Wis akeh sastrawan Jawa saka DIY kang nate nampa Rancage, kayata Djaimin K, Krishna Miharja, Ardini Pangastuti, lan liya-liyane. Saka DIY kang rawuh ing kalodhangan iku, Mustofa W Hasyim, Sunardian Wirodono, Purwamadi, Totok Buchori, R Toto Sugiarto, Ki Demang kang nyalirani dadi juru saling basa.

Ing pasamuan climen lan dadakan iki, akeh sastrawan Sunda kang uga wis nampa Rancage rawuh lan paring andharan. Kayata, Budi Swarna, Nunuk NA, C Retty Isnendes, uga L Sayamsuri, Risnawati kang uga padha caos waosan lan monolog sastra Sunda. Saka DIY uga calos lelipur waosan sastra Jawa lan musikalisasi puisi dening Untuk Basuki saka Sanggar Bambu. Pasamuan sa awan muput iku kawimbuh mangan awan bareng lan katon guyub rukun. **(mwh)**

UMPAK: KACA DIGDAYANING MATARAM ISLAM

HANIEF ANDRIAN

SEJARAH Mataram-Islam kawiwitan saka madeging Kutha Gedhe minangka punjering pamarentahan ing jaman Panembahan Senopati tumekane Sultan Agung. Keraton Mataram Islam ing Kutha Gedhe madeg watara taun 1577 M tumekan taun 1578 M (Graaf, 1985). Serat Kandha (518) nyebutake angka taun 1513Ç: 1591 M nalika mbangun dalem (istana) lan kuthane (benteng) (*Serat Kandha*, 518; ing Adrisijanti, 2000) yaiku ing pamarentahane Panembahan Senopati.

Ing wiwitane, Mataram-Islam minanggka kerajaan *vassal* (andhahan) saka Kasultanan Pajang. Panembahan Senopati minangka pangarsaning praja bisa mangun Mataram Islam minangka kekuatan anyar kang digdaya ing tlatah Jawa. Puncak kuncaraning Mataram Islam ana ing pamarentahan Sulatan Agung (1613-1646 M), putra Panembahan Senopati. Ngrembakaning Matram Islam tamtu ndandekake mekaring Kutha Gedhe minangka punjering keraton saak sepisanan medegke.

Jaman Sultan Agung kang ndadekake kawasan kang disebut Pleret bisa mekar ngrembaka. Sultan Agung ing jaman iku mbangun kraton anyar ing dhaerah kang saiki lumebu wewengkon Kecamatan Pleret, yaiku ing dhusun Kerta. Keraton anyar iku pinaringan nama Kerta dening Sultan Agung lan wiwit aktif dinggo ing taun 1618 M. Dibangune Keraton Kerta ing jaman Sultan Agung bisa uga ana gandheng cenenge karo tambah ramene Kutha Gedhe merga tambah okehe uwong-uwong buangan saka Pajang lan keraton liyane tumuju ing pusat kota Mataram (Graaf, 1986). Bab iku kang ndadekake ibu kota Mataram Islam ing Kutha Gedhe tambah rame pramila muncul masalah keamanan lan tentreming masarakat (Sarjiyanto, 1995).

Amangkurat I ing taun 1646 dadi raja nggenteni Sultan Agung. Ing pamarentahan Amangkurat I, kraton iku pindhah saka Kreta tumuju Pleret. Pindhah punjering pamarentah iku uga mindhah punjering keraton Mataram Islam saka Kutha Gedhe ing Pleret. Babad Sengkal sinerat pindhaking Amangkurat I ing Kraton Pleret ing taun 159 Jawa utawa 1647 Masehi (Ricklefs, 1978; ing Adrisijanti, 2000:62).

Tentreming Kraton Pleret ora lumaku suwe, akeh kraman nalika Amangkurat I madeg. Tumekane Amangkurat I kepeksa mlayu saka kraton lan seda ing Tegalarum. Amangkurat II madeg nggeteni Amangkurat I kasil ngrebut Kraton Pleret kanthi bantuan VOC. Amangkurat II sabanjure ora milih Pleret minangka ibu kota, nanging mangun kraton anyar ing Kartasura.

Kraton Kerta lan Kraton Pleret pancen amungsawetara wektu, nanging kraton loro iku ora bisa sepelekake. Kraton Kerto, saka tinggalane isih bisa dilacak pancen duwe komponen bangunan kang ora jangkep kaya dene kraton Kutha Gedhe utawa kraton sabanjure. Ananging, temuan Arkeologis kang ditemokake ing bekas kraton nuduhake megahing sawijining bangunan. Temuan iku awujud umpak kang duwe ukuran super gedhe, kanthi ukuran ngisor 85x85 cm, dhuwur 70x70 cm, lan dhuwure 68 cm. Watu umpak iku katemokake ing plataran kang disebut "Lemah Dhuwur" dening masarakat sakiwa tengene. "Lemah Dhuwur" bisa ditegesi minangka siti hinggil utawa bangunan kanthi fungsi Sultan nampa dhayoh. Saliyane, umpak uga ana mesjid ing sisih lor toponim lemah dhuwur, minangka mesjid agung ing zaman Sultan Agung.

Kraton Pleret duwe komponen kang luwih lengkap dibandhing Kraton Mataram Islam sadurunge. Saka sumber dhata historis, komponen bangunan kang ana ing Pleret yaiku Benteng Kraton, Kraton, Alun-Alun, lan Masjid Agung, Bangunan Banyu, lan Pasar (Graaf, 1987). Ing jero Kraton Pleret ana bangunan Sitinggil, Bangsal Witana, Mandungan, Sri Menganti, Pecaosan, Sumur Gumuling, Masjid Panepen, Prabayeksa, Bangsal Kencana, Bangsal Kemuning, Bangsal Manis, Gedhong Kuning, lan papan kanggo abdi dalem Kedhondhong (Adrisijanti, 2000:76). Bangunan-bangunan iku saiki wis ora bisa diweruhi kanthi wujud wutuh nanging kari reruntuhan lan saperangan toponim kang isih digunakake.

Saperangan sisa saka megahing Kraton Kerto lan Pleret ing wektu iki bisa dipirsani ing Museum Sejarah Purbakla Pleret. Tinggalan-tinggalan kasebut bata saka bekas benteng kraton Pleret, Sumur Gumuling, Jobong, Keris, Mata Uang, Umpak, lan liya-liyane.


Tinggalan Mataram Islam era Kerto lan Pleret kang wigati yaiku umpak kang gunggunge akeh. Umpak miturut buku "Arsitektur Tradisional Daerah Istimewa Yogyakarta", terbitan Departemen P dan K tahun 1987 yaiku dhasar cagak kang digawe saka watu alam (Wibowo, dkk, 1987:106). Umpak

ing arsitektur tradhisonal Jawa minangka perangan kang wigati lan ora bisa ditinggalke, “Menawa pondhasine kuwat genah omah kang bakal madeg bakal kuwat” kandhane para luhur. Ing bab iki pondhasi yaiku umpak kang digunakake kanggo nyangga cagak saka bangunan. Luwih wigati meneh yen kabeh banunan tradisonal Jawa duwe cagak soko kang jelas bisa dipestekake duwe umpak.

Museum Sejarah Purbakala Pleret duwe koleksi umpak saka tinggalan Kraton Kerto lan Pleret cacah 24 buah. Koleksi kasebut saka temuan panaliten lan paringan saka masarakat sakiwa tengen. Umpak kang ana ing Museum Sejarah Purbakal Pleret maneka warna hias, ukuran, bentuk, lan kondhisi fisik umpak. Ananging, bisa kapantha dadi 5 (lima) ragam variasi umpak kang ditemokake ing tlatah Pleret.]

1. **Umpak persegi rinenggan stilisasi aksara arab (Wibowo, dkk, 1987:183)**

   Stilisasi aksara Arab kang ditatah ing umpak yaiku aksara *mim, kha, mim, dal* minangka cekakan saka tembung Muhammad. Umpak rinenggan stilisasi aksara Arab iku katemokake ing saperangan. Jinis temuan kaya mangkene ana ing Pleret, Trayeman, Jejeran, Kerto ukuran upak jenis iki kanthi dhuwur 75 cm lan jembaring bagian ngisor 85x85 cm lan jembare dhuwur 65x65 cm.



   Saka dhata-dhata ing dhuwur, sanajan jumlahe luwih sethithik dibandhing umpak bunder, umpak kanthi stilisasi aksara Arab minangka jinis umpak kang lumrah ing Pleret merga bisa katemokake ing saben papan. Saliyane umpak kang ana ing museum, umpak kang ana ing Situs Kerta uga kanthi stilisasi aksara Arab. Panganggone umpak kaya iki tumekane saiki isih bisa katemokake ing bangunan-bangunan zaman saiki, kayata ing kraton Yogyakarta.

2. **Umpak persegi rinenggan garis vertikal simetris**

   Umpak jenis iki amung ditemokake 1 umpak, ing Desa Pleret kanthi wujud kang wus rusak. Umpak jenis iki kalebu ukuran gedhe kanthi ukuran 58x44 cm. Umpak iku ditemokake ing njeron kraton Pleret. Dene fungsi lang panganggone ing Kraton Pleret kanggo ing bangsal apa utawa bangunan apa, perlu panaliten kang luwih.



3. **Umpak persegi rinenggan padma**

   Umpak jenis iki ditemokake 4 buah, 2 umpak ditemokake kanthi wujud kang wutuh dene liyane wus rusak. Papan



   anggone nemokake ing tlatah Trayeman. Renggan jenis padma minangka wujud garis kang njupuk garis pinggir kembang padma. Renggan padma asal-usule seka jaman sadurunge Islam, yaiku Hindhu-Budha. Renggan padma kawentar minangka pralambang suci, uga padatan ditemokake ing lapik arca utawa landhesan arca lan bangunan candhi (Wibowo, dkk, 1987:150).

   Umpak renggan padma tekan saiki isih dinggo ing omah tinggal. Bedane, umpak omah tinggal duwe ukuran luwih cilik tinimbang koleksi umpak seka museum Sejarah Purbakala Pleret.

4. Umpak persegi polos

Umpak polos duwe ukuran kang cukup gedhe. Ana 8 umpak polos kang dadi koleksi Museum Sejarah Purbakala Pleret. Umpak polos iki ditemokake ing Desa Wirokerten, yen didelok seka peta, papane ana ing sisih lor Desa Pleret, jaban komplek kraton Pleret jaman biyen. Kemungkinan umpak iki ora dinggo nyangga bangunan Kraton Pleret. Yen disawang seka ukurane kang cukup gedhe, jelas umpak iki bisa ditegesi kanggo nyangga bangunan kang gedhe.



5. Umpak bunder

Umpak bunder ditemokake ing Masjid Kauman Pleret lan ditemokake kanthi cacah 24 buah. Umpak iki minangka umpak paling gedhe tinimbang umpak-umpak kang wus katemokake ing Pleret. Saka iku, umpak bunder ora dipindhah ing Museum Sejarah Purbakala Pleret, nanging tetep didelehake apa anane ing situs Mesjid Kauman Pleret.

Bangunan mesjid ing saperangan kraton Jawa nggunakake umpak bunder. Masjid-masjid kasebut kayata Masjid Agung Kasunanan Surakarta, Masjid Gedhe Kauman Yogyakarta lan Masjid Sang Cipta Rasa Cirebon.

Umpak minangka panyengkuyung bangunan Jawa tradhisional kang tekan saiki tetep digunakake. Senajan tinggalan saka kraton Pleret lan Kraton Kerto ora pati monumental, nanging yen disawang seka gedhene umpak-umpak kang ana ing kraton loro iku bisa dibayangke gedhene bangunan kang ana ng jaman iku



GELAR BEKSA CATUR SAGATRA

Luwes Pangrengkuhing Kagunan Adi Pendhapan

CATUR Sagatra, gotrah Mataram cacah papat, Kasunanan Surakarta, Kasultanan Ngayogyakarta, Kadipaten Mangkungaran, lan Kadipaten Pakualaman, winengku ing sedya nyawiji bebarengan paring sugata beksa, wujud beksa bedhayan lan beksan sekawanan ana ing Gelar Budaya Jogja 2018 kang diadani dening Dinas Kebudayaan DIY. Catur Sagatra, papat papating atunggal, sesamining trah Mataram pemangku lan pamengkuning budaya adiluhung.

Kabeh kagunan beksa Jawa, srimpi, bedhaya, beksan, lan wayang wong, satemene tansah ngugemi kagunan adi patrap papan pedhapan, tegese tansah duwe petung rakit gawang tengah, gawang kering, lan gawang tengen. Kagunan kang rinakit nganggo petung saka (cagak) pendapa, saka guru, saka penanggap, lan saka pengarak. Mula rakit beksa, adeg, lampah, lang kiprahing para pambeksa uga tansah winengku marang anane "estetika pendhapa". Kamangka, naliki kagunan adi beksa kasegahake ing Pagelaran Kraton Ngayogyakarta ing panggung rata persegi papat los tanpa saka-sakaning pendhapa kayata ing wewangunan joglo, mula "estetika pendhapa" kang dadi landhesaning gelar beksa kudu angleh leladi marang laku beksa tanpa saka, tanpa gawang, lan kudu gawe rekan kang cundhuk marang paugeraning beksa. Nanging kahanan ini uga paweh piwulang jati, yen satemene joget Mataram iku luwes anggone ngrengkuh ing kahanan. Kagunan adi pendhapan tetep trep prayoga dinulu, ora kelangan enggok, tetap marsudi ing kagunan adi, bakuning beksa Mataraman.

Taun 2018 iki, Kasunanan Surakarta suka paring lelangen Bedhaya Daradasih (Paku Buwono IV) lan Beksan Handaya Bugis. Kasultanan Ngayogyakarta, paring Bedhaya Arjuna Wiwaha lan Beksan Gatotkaca-Setija. Kadipaten Mangkunagaran paring Bedhaya Bedhah Mediun (Mangkunagara IV) lan Beksan Werkudara Bogadhenta (Mangkunagara IV). Dene Pura Pakualaman ngasta Bedhaya Wilayajana (Paku Alam IX) lan Beksan Tandya Taya. Kabeh tinata lan rinakit jangkep kaya ing paugeran, mula edi lan resep kapirsani.

Kang antuk kawigaten bedhaya kakung kang kagelar dening Pura Pakualaman, Bedhaya Wilayajana. Bedhaya yasan Kanjeng Gusti Paku Alam IX (ngasta bawat 1999-2015) kang kapethik salam naskah Serat Sestradisuhul, serat bab sarasilah para nabi, wali, lan ratu ing tanah Jawa. Ing kono uga ana andaran bab wulang Hasta Brata, kalebu bab Pandawa Lima lan wulang laku utama. Mula dening Pura Pakualaman, sumber etika iku banjur kagatra dadi Bedhaya Kakung "Wilayajana", lan banjur uga rinumpaka minangka motif bathik, ingaran motif Kusuma Wilayajana.

Bedhaya Wilayajana katindakake dening pitu (7) paraga tari kakung. Ngagem sinjang kusuma wilayajana, lang



Gelar Budaya Catur Sagatra, Tari Bedhaya Kusuma Wilayajana ing Pagelaran Kraton Yogyakarta ***(Foto-fid)***

rerakit beksa bedhayan adi, alun ngremet ora mantra-mantra yen kabeh paraga tarine para kakung. Bedhaya Wilayajana paring andharan bab wulang luhur satriya utama lan Pangeran Notokusumo (Paku Alam I) kang bisa dadi tepa palupi tuladhaning para priyagung lan kawula. Lan maneh, bedhaya kakung iku wis arang kasegahake, mula banjur dadi kawigaten kang mirunggan.

Sestradisuhul, rasa jati dadi sarana mawas dhiri tumrap panjangka luhur dimen kasembadaning gesang kang sempulur. Bedhaya Kusuma Wilayajana, ngandhut dhawuh Pangeran Notokusumo (putra Sultan HB I), supaya tansah andhap asor lang ngilangake rasa sengit marang liyan, adoh saka rasa dhendham, ora kumalungkung nalika antuk pangalembana sabanjure bisa pribadi kang unggul lan duwe bebuden kang luhur. Bedhaya ini minangka gambaran piwulange Pangeran Notokusumo kang ing tembe jumeneng Sri Paku Alam I.



Gelar Budaya Catur Sagatra, Tari Bedhaya Arjuna Wiwaha ing Pagelaran Kraton Yogyakarta **(Foto-fid)**



Gelar Budaya Catur Sagatra, Tari Bedhaya Daradasih ing Pagelaran Kraton Yogyakarta **(Foto-fid)**



Gelar Budaya Catur Sagatra, Tari Beksan Tandya Taya ing Pagelaran Kraton Yogyakarta **(Foto-fid)**

Dene Kasultanan Ngayogyakarta paring pasugatan Bedhaya Arjuna Wiwaha, bedhaya putrid kang anggelar carita klasik Cintaning Mintaraga. Lakon ini uga asring kagelar ing Wayang Wong lan Ringgit Purwa. Malah kaya-kaya dadi lakon kang dadi petingan. Bedhaya ini nyariosake, Arjuna kang lagi mertapa dadi Begawan Ciptaning. Anggone mertapa ing guwa Mintaraga tumemen nganti angel kajugarake. Kamangka, para Dewa ing kayangan duwe kersa marang Arjuna supaya ngadhepi mungsuh kang tumeka, Prabu Newatakawaca kang nekat bakal dhaup Dewi Supraba putrine Bethara Indra. Bareng wus bisa kajugarake, Arjuna adu arep perang tandhing kalawan Newatakawaca. Arjuna menang. Dewi Supraba kadhaupake karo Arjuna. Bedhaya kang methik saka lakon Mahabarata iki uga ngemu surasa, sekti iku kanthi laku, mesu budi dadi sangu, mesu raga dadi sarana. Tegese, gegayuhan luhur iku kudu kinanthen budi daya mugem tumemen.

Bedhaya lan Beksan kalebu seni adiluhung kang ngagem ugem paugeran kawruh joget Mataram. Joget kang rinengga ing pendhapa, kagelar ing antarane saka guru lan saka penanggap. Mula nalika kagelar ing panggung tanpa saka kaya ing pendhapa, katon laku laju rakiting beksa katon beda ing rasa, kesilep dening pangaribawaning panggung kang suwung. Nanging dhasar yasan beksa adiluhung, kagelar ing panggung uga tansah katon kaendahaning rasa beksa. Angler, angleng, anglung, kanyut angleluwur.

Dene beksan-beksan wireng kang kasegahake, uga ngemu surasa gedhe tumrap saya tuwuhe rasa kaprawiran tumrap para mudha. Puhuh teguh, kendel mangsah jurit, tangguh tanggon ing ubaya, tatag ngadhepi pepalang lang bebaya. Sengguh ora mingkuh.

Gelar Seni Catur Sagatra iki wis makaping-kaping kagelar ing Ngayogyakarta, lan tansah antuk kawigaten kang gedhe saka masarakat. Para pengageng Catur Sagatra padha rawuh ngestreni lang bebarengan karo para kawula lan pangembating praja padha mriksani kagunan adi kang bisa gawe pikuwating budaya Jawa. **(pdm)**

Sakerdhus Sandhangan Lungsuran

YOHANES SIYAMTA



DINA Minggu esuk kuwi Boni jenak ana ing omah. Ora klayu bapak lan ibune sowan Simbah. Sedina muput Boni dhudhah-dhudhah mbongkari isining lemari pakean. Clana, klambi lan kaos dipilih lan dipilah. Nadyan suwe ing simpenan pranyata isih apik-apik lan isih pantes yen dianggo. Malah akeh sing isih katon anyar. Sandhangan mau wis ora nate dianggo maneh dening Boni jalaran wis keciliken. Kabeh ditata rapi lan banjur diwadhahi ing kerdhus gedhe.

Esuke, rikala Boni mangkat sekolah ibune Boni kaget weruh sandhangan sing isih pantes temata rapi ing kerdhus gedhe, "Wela, sedina wingi ora klayu sowan Simbah, jebul Boni nata pakaian njur diwadhahi dhus iki, ta?" aloke jroning ati.

Ora wetara suwe Mbok Siti Rombeng njedhul. Siti Rombeng kuwi salah sawijining pawongan sing pagaweyane mlebu-metu ing kampunge Boni. Pagaweyane nukoni kertas lan barang-barang bekas.

Adat sabene MBok Siti Rombeng mubeng kampung sinambi celathu, "Rombeng-rombeng. *Siapa punya barang bekas, saya beli dengan harga pantas*. Rombeng-rombeng!!!"

Satekane ing omahe Boni, Mbok Siti Rombeng nemoni Bu Lisa (ibune Boni). Kanthi gapyak-semanak Mbok Siti Rombeng ngglembug Bu Lisa, "Wis suwe lho Bu Lisa, aku ora njenengen paringi rejeki. Mbok kene barang-barang bekase taktukune. Koran, kertas, pakaian bekas lan liya-liyane."

"Suk maneh wae ya, Mbok. Durunng kober milihi, je."

"Nek njenengan ora kober milihi, kene takpilihane dhewe."

Ora watara suwe Bu Lisa nyedhaki kerdhus gedhe isi klambi lungsuran sing isih apik-apik, ing cedhak lemarine Boni. Digawa metu banjur dituduhake Mbok Siti Rombeng.

"Iki gilo, Mbok. Ana sakerdhus gedhe isi *pakaian pantas pakai."*

"Weehh…. Siip tenan iki, Bu. Malah wis temata rapi ing kerdhus gedhe. Njajal taktilikane mbaka siji ya, Bu?"

"Ya kono, Mbok."

Sawise Mbok Siti Rombeng mbukaki mbaka siji, Bu Lisa lan Mbok Siti nyang-nyangan nemtokake rega. Pakean lungsuran sakerdhus gedhe mau diregani telung puluh ewu rupiah.

Wayah awan jam bali sekolah, Boni nguculi sepatu, nyelehke tas lan salin. Eba kagete Boni rikala nyawang kamare. Kerdhus gedhe isi sandhangan sing wis dipilah-pilah iku ilang saka papan panggonane. Boni banjur nemoni Bu Lisa lan matur, "Bu, kerdhus ageng isi rasukan wingi teng pundi, nggih?"

"Wo….. lha wis dituku Mbok Siti Rombeng, je?"

"Lha Kok disade ta, Bu! Ajeng kula sumbangke kangge korban banjir lan tanah longsor, je."

"Wadhuh, sing gedhe pangapuramu ya, Le. Ibu ora ngerti je yen pakaian mau bakal kosumbangake marang korban banjir lan tanah longsor. Lha rak isih akeh ta, pakaianmu sing isa dipilihi maneh lan kosambangake kanggo para panandhang mau? Saiki maem dhisik, mengko bakda maem kopilihi maneh pakaianmu!"

Boni mung meneng wae isih rumangsa cuwa atine. Ora watara suwe banjur matur, "Sing kula tata teng kerdhus niku sampun kula pilihi, Bu. Pakaian niku sing pantes lan taksih sae disumbangke. Pakaian sanese boten pantes je, Bu."

Wiwit bali sekolah wektu kuwi Boni isih katon cuwa. Ora gelem maem lan ora gelem dolan karo kanca-kancane. Rasa gela lan kuciwane nandhes nganti pepuntoning wengi. Bakda nata buku lan nggarap PR babar blas ora gelem sinau.

Esuke wayah mangkat sekolah Boni katon aras-arasen lan ora sumringah kaya padatan. Kedadeyan kaya mengkene iki terus lumaku udakara seminggu, jalaran sasuwene seminggu iki Mbok Siti Rombeng durung mubeng maneh ing kampunge Boni.

Salah sawijining kalodhangan rikala Mbok Siti liwat, Bu Lisa ngundang Mbok Siti Rombeng.

"Mbok, sapungkurmu dhek emben kae Boni nesu, je. Yen durung kebacut payu pakaiane wingi gawanen mrene maneh!"

"Merga seminggu iki aku isih mubeng golek dagangan, pakaian kuwi cen isih wutuh durung kober ngedol, Bu."

"Weh, tiwas kepeneran. Yen ngono sesuk gawanen mrene maneh , ya!"

"Oke, Bu. Sesuk takgawane mrene. Ning njenengan takanggep tuku. Nek wingi aku tuku saka njenengan 30 ewu, idhep-idhep ngijoli ongkos transport, piye nek njenengan nambahi 10 ewu, dadi njenengan mbayar 40 ewu?"

Bu Lisa nyoba ngglembug Mbok Siti Rombeng, "Mbok…Mbok, lha wong pakaian mau karo Boni arep disumbangke korban bencana alam, kanggo mbantu wong sing nandhang sangsara kok ya isih mikir bathi, lho."

"Weh, sepuluh ewu iki dudu bathi, Bu. Iki mung ongkos transport. Aku wingi nggawa saka kene tekan ngomah limang ewu, njur sesuk nggawa maneh saka ngomah tekan kene limang ewu. Cetha yen aku ora golek bathi. Tenan, Bu. Iki mung ongkos transport."

Kanggo nambani lan marekke rasa kuciwane Boni, Bu Lisa nayogyani lan saguh mbayar ongkos transport sing dikarepke Mbok Siti Rombeng. Dina sabanjure pinuju Boni bali sekolah bareng karo tekane Mbok Siti Rombeng masrahake kerdhus isi sandhangan lungsuran mau. Boni rumangsa bungah lan polatane katon sumringah.***

Bedog, madyaning sasi Januari 2018

Tuk Si Bedhug

AGUS SUPRIHONO

KACARITA, lampahe Sunan Kalijaga tekan sapinggire bulak kang jembar ngilak-ilak. Njeng Sunan runtuh welase nyawang sesawangan ing sangarepe. Bulak semana ambane katon bera. Saadohe panyawang mung katon lemah nela cengkar sarta damen garing. Rajakaya uga padha kuru -kuru, ngrengguti suket sing isih kena dinggo yem-yem weteng. Dalasan Gunung Ampon ing satengahe bulak kono uga garing, wit-witane padha ngranggas. Sakiwa-tengene papan iku ora ana ilen-ilen kang kena kanggo nelesi gurung.

Wancine wis tengange. Sedhela maneh dhuhur. Srengenge sumelet ngobong penggalihe Sunan Kalijaga. Mangsa udan wangune isih sawetara maneh, batine angkles.

Sunan Kalijaga banjur ngeyup sangisoring wit preh kang uripe tumumpang ing wit ringin mati. Godhong-godhonge katon mrangas, saperangan padha gogrog. Angin kang tumiyup nggawa hawa panas. Mbah Bregas, siswane sing tansah ndherek tindake Sunan Kalijaga melu ngeyup lan lungguh karo nyawang mengalor. Ing kadohan kana katon Gunung Merapi lan Merbabu sing ajeg nggedhangkrang kaya-kaya kalis dening sakehing rubeda. Rubeda kaya kang disandhang dening menungsa kayadene mangsa ketiga dawa kaya wektu iki.

Wis rong dina iki piyambake ndherekake Sunan Kalijaga makmum salat Istisqok, yaiku salat panyuwunan supaya diparingi udan. Mau esuk rikala manggihi santri-santrine ing Dhukuh Grogol uga padha nglakoni salat Istisqok kanthi jamaah. Najan ing kahanan urip rekasa jalaran ketiga dawa mau, ewasemono para santri sithik wae ora ngresula, nglenggana jer kabeh mau Gusti Allah sing peparing.

“Aku nedha nrima banget marang kowe kabeh awit saka nggonmu ora kendhat tansah makmurake langgar iki, senajan atimu lagi kebak panandhang,” ngendikane Sunan Kalijaga marang para santrine ing Dhukuh Grogol esuk iku.

“Inggih awit saking sedaya piwucalipun Njeng Sunan mila kita sedaya kiyat nglampahi panandhang menika,” wangsulane salah sijine santri.

“Apa kowe ora duwe rasa semelang yen udane isih pirang-pirang sasi maneh?” pitakone Sunan Kalijaga.

“Raos was sumelang menapadene pangresula menika namung badhe nedahaken tipising iman, Njeng Sunan. Gesang menika kagunganipun sinten?”





Mak jleb penggalihe Sunan Kalijaga mireng wangsulane siswane mau. Wusana brebel, luhe mili saka netrane. Najan didhelikna nanging Mbah Bregas bisa uninga sepira trenyuhing penggalihe gurune mau.

Iya merga saka kandeling imane para santri mau, mula Sunan Kalijaga neges mring Kang Maha Kuwasa supaya enggal kaparingan udan kanggo nelesi lemah garing ing wewengkon kono. Anggone neges nganti ora sare sewengi tekan Subuh. Ewasemono, ketoke trontong-trontonging udan kaya-kaya isih tangeh.

"Sampun wekdalipun Jemuntenan, Njeng Sunan," keprungu suwarane Mbah Bregas ngelingake yen iki dina Jemuwah lan wancine bedhug.

Sunan Kalijaga gragapan, banjur unjal ambegan landhung. Noleh marang siswane. Ewuh aya jalaran sakiwa-tengene papan kono ora ana banyu. Mbah Bregas ndungkap marang kersane Sunan Kalijaga. Mbah Bregas nglumpukake gegodhongan wit preh garing. Akeh lebu kang tememplek ing gegodhongan mau saperlu kanggo tayamum.

"Mengko dhisik, Bregas," ngendikane Sunan Kalijaga karo njenggelek menyat saka anggone lenggah. Astane tengen gujengan teken sing mau ditancepake ing sandhinge. Sunan Kalijaga nyawang mega kang ngrenggani tawang. Panyawange nglangut bablas nembus langit sap pitu.

Wusana Sunan Kalijaga jumangkah karo mbedhol teken sing mau temancep ing lemah. Sanalika saka tilas tancepane teken mau, metu banyu bening banget. Metu kaya tuk mubal kang terus mili mengidul. Saya gedhe saya gedhe, nelesi lemah cengkar sing wis pirang-pirang sasi ngelak marang banyu panguripan.

Mbah Bregas kamitenggengen nyawang kedadeyan mau. Semono uga Sunan Kalijaga dhewe. Ora ngira yen saka tekene mau bisa ngetokake banyu semono akehe. Nelesi lemah sakiwa tengene papan kono, nelesi sawah-sawah, nelesi wit-wit, nelesi suket-suket.

"Bregas," pangandikane marang siswane mau. "Donga mono ora mesthi diijabah, nanging Gusti Allah maringi sing luwih dening apa sing kita suwun. Awake dhewe nyuwun diparingi udan, nanging Gusti Allah maringi tuk sing luwih saka udan kang mung salarapan."

Alon-alon Sunan Kalijaga jengkeng sujud ketang gedhening panuwune marang Gusti Allah. Semono uga Mbah Bregas uga banjur melu-melu sujud ngaturake panuwun.

Ing tembe, papan tuk mau banjur dadi belik cilik kang karan Tuk Si Bedhug. Laras karo dumadine tuk mau ing wanci dhuhur kang asring ditandhani nganggo suwara bedhug. Nuduhake yen wis manjing salat Dhuhur. Tuk kasebut tetela bisa ngoncori sawah-sawah sakidule belik. Saiki Tuk Si Bedhug sing mapan ing tengah sawah wewengkon Desa Margodadi Kecamatan Seyegan mau wis dibangun petilasan, uga mushalla. Saben-saben ana wae warga kang tetirah ing papan kono. Iwen-iwen kang urip ing belik mau bisa kanggo terapi. Papane edhum merga kayoman wit Preh kang urip temumpang wit ringin mati. Lan saben dina Jumuwah Paing sasi Jumadil Akhir dipengeti nganggo kirab budaya. Papane Tuk Si bedhug saka kutha Ngayogya udakara rongpuluh kilometer arah Lor kulon.

(Seyegan, 20 Januari 2018)

MARCIANA SARWI

Mbelani Bebrayan Jawa

Owah gingsiring jaman gawe mirise ati
Akeh wong kelangan budi pekerti
Srawung bebrayan Jawa kaudi
Sanajan akeh reribed ngadhang tengah dalan sayekti
Sedyaku bakal ngipuk-ipuk bebrayan Jawa iki
Bebrayan Jawa iki nyata edi peni
Aja nganti musna kasilep globalisasi
Aja nganti ilang kauntal wengise teknologi

Jaman saiki jaman mardika
Akeh wong ngedohi bebrayan Jawa
Emoh srawung apa maneh gepok senggol
Mung mburu kabutuhane raga
Srakah, datan eling mring pepadha

Apa aku duwe daya mbelani bebrayan Jawa?
Seneng srawung mring manungsa Jawa
Ngurubake geni katresnan mring budaya Jawa
Ngatonake guyub rukun adoh crah sulaya
Srawung kang becik linambaran asih tresna
Bakal dadi pagering urip mulya ing donya
Srawung kang becik kinanthen suba sita

Apa kowe lan Aku?
Gelem srawung ajur-ajer ing bebrayan agung?
Wangsulana jroning telenging kalbu!
Yen gelem srawung
Tuna satak bathi sanak winengku
Rugi sethithik bathi sedulur

Aja mung seneng sesingidan
Metua, nyebarake pawarta gambira mring pepadha
Paugeran srawung ugemana!
Apa ta paugerane pasrawungan?
Empan papan angon mangsa duga prayoga
Ambyur tanpa tidha-tidha
Manjing ajur ajer ing masarakat
Akeh piguna kang ditampa
Bakal nemu urip mulya

Lunturing Tata Krama

Jaman kaki nini kasinungan tata krama
Minangka pandoming bebrayan Jawa
Sapa kang tetep setya kaaran priyayi utama
Awit mangertine unggah ungguhing basa
Kormat kinurmatan kajunjung manjing jiwa raga

Owah gingsire jaman
Tata krama kasilep majuning teknologi sanyata
Para mudha ora gelem tepung apa maneh ngupakara
Anggone pasrawungan ninggalake tata krama
Tanpa kormat marang wong liya
Ngegungake budaya manca negara

Delengen galo, kiprahe pra mudha!
Omong ngoko wis kulina
Micara kasar tumindak brangasan wis kulina
Ditulung malah menthung tanpa tidha-tidha
Dikandhani sakecap mangsuli rong kecap
Prasasat lambe satumang kari samerang
Tumindak sakarepe dhewe waton sulaya
Ninggal tata krama kang tuhu adi luhung kanthi sengaja
Iki salahe sapa?

Kabeh selak emoh tanggung jawab
Pasrawungan iki wis rusak
Sikap sabar wis buyar
Narima ing pandum dadi poyokan
Sapa ingsun sapa sira?
Wong sekeng dadi pangane sing kuwat
Ngrudapeksa kamardikan liyan tanpa welas
Donya iki bakal dakgulung kanthi peksa

Yen sliramu tresna tata krama
Sadurunge kedlarung luntur lan musna
Waliken donya pasrawungan Jawa
Diwiwiti putra-putrine awake dhewe
Disangoni unggah-ungguh kang tumata
Supaya budaya tata krama tetep ana

Awit nasibe bangsa kita
Gumantung penerus amudha
Yen dicekel wong kang kelangan tata krama
Nuswantara bakal sungkawa
Oh, tata krama nyata wis luntur tenan!
Mbarengi lunture moral.

Srawung

Aja mung ndhelik ing walike kori
Srawunga tanpa pilih kasih
Wani ajur ajer minangka talange tresna
Marang sapa wae kanthi kormat
Sangu ati lan pikiran suci
Kanggo nggayuh urip sejati
Mugi Gusti Allah amberkahi

Srawung ing bebrayan Jawa
Ora ngetung bathi rugi tumrap raga
Sumadulur datan nawang sugih mlarat
Apa maneh nyawang drajat pangkat
Tanpa petung dhuwure ijasah
Nengenake lembah manah
Sumringah grapyak sumanak
Ora adigang adigung adiguna
Ambyur ing bebrayan Jawa linandhesan asih tresna
Kinanthen sangu subasita
Dadia uyahing jagad raya
Supaya ora cemplang sarta sepa
Ngumbara tumuju swarga loka
Nemu kamulyan langgeng kang sampurna

Ngapura

Para kadang kinasih
Urip ing bebrayan agung padha kita udi
Ayem tentrem, adhem trusing ati
Aja seneng mbacem lupute rayi!
Kakubur lebur tekan puntasing janji
Gusti bakal angayomi

Ayo enggala jumangkah ninggal urip lawas!
Pasrawungan kebak crah sulaya
Agawe renggange paseduluran
Adoh Gusti lan pepadha
Tumuju pasrawungan linambaran apura ingapuran
Pasrawungan linandhesan tresna asih mring pepadha

Nyipta karukunan kanggo nggayuh urip sejati
Siji lan sijine manunggal dadi siji
Rerangkulan ngluberake budi pekerti
Adoh predondi golong gilig ing ati
Budaya tresna tinresnan nyata kaudi
Budaya apura ingapuran wus dumadi
Jagad pasrawungan bakal lestari.

WINARKA WINARMI

Bangjo Gondomanan

Wis wanci sapertelon dina
Riciking banyu isih keprungu
Aku samadyaning kutha mijil sarjana
Nanging abang monyor-monyor katone
Kagurit suwidak angkane ing papan kuwi
Dak toleh kiwa kereta wesi wong nyulut lintingan mbako
Dak saur nengen tembang campursari kagendhingna
Pager wesi toko mebel kebak wewayangan
Kang ngemu kekarepan demokrasi
Banjur trocoh lumebu kerpusku bebareng banyu udan
Nugrahaning cipta kudu sinungsung syukur kang manurah-nurah
Oh damare wis katon ijo
Wancine laju maneh
Bangjo iki surasa
Abang tinemua saperlu *sinukur*
Ijo lajua kang *sinukur* mugi turah makmur

Ngayogyakarta, 18 Pebruari 2017

Sekar Arum Dalu

Guritanku gurit kembang arum dalu
Gurit kang ora dianggit
Gurit kang ora tinarit
Gurit kang sarpa rinungkit
Gurit wong doyan ngarit
Ngarit ilmu
Ngarit kawruh
Wruhe kembang arum dalu
Dalune kebak aruming kembang
Kembang kang angganda mangambar-ambar
Satemaha wayah sare tiyang

Ngayogyakarta, 18 Pebruari 2017

Jagongan Karo Simbah

Simbah kakung wis sepuh
Jare nek wis tuwa duwe kawruh njangka luwih amba
Banjur keprungu swarane
Babagan Jiwa, Watak, Hawa nepsu
Ana tembung amarah
Pitakonku, apa ratu ora oleh nesu
Ana tembung aluamah
Takonku maneh, apa ratu ora oleh sugih
Ana tembung supiyah
Dak kira sing penceng perot dudu dalane ratu
Banjur tembung mudmainah

Yen ratune maling kawulane apa ora oleh maling
Tinemuwa pancer tembunge
Karta tata tentrem karharjan sing ngendi ratune

Kapungkasan keprungu dhawuhe simbah
hawa iki aja ditekak aja ditahan, nanging bisaa yen ngendhaleni

Ngayogyakarta, 18 Pebruari 2017



Lomba Dolana Anak ing Hadeging Kadipaten Pakualam ***(Foto-fid)***

Dumadine Kelurahan Girisekar

SAMBUDI

Madegira Girisekar
Catur dasa tanggalira tinulis
September kang wulanipun
Warsa kang sinengkalan
Rasa Tunggal Gapuraning praja iku
Samengko dadi panengran
Kang pantes dipun leluri

Samana kawitanira
Ingkang ngasta pusaraning nagri
Guna Ijaya ping telu
Ingkang sumare ana
Ing astana laya Sentana puniku
Mangkana sasurut ira
Inggih ginantosan nuli

Piniji wirya sentana
Ing samangkih kinarya dadi suluh
Pinangka lelurahipun
Ngembani paprentahan
Pancawarsa kang watawis laminipun
Wit gerah ingkang sinandhang
Tinimbalan ngarseng Gusti

Sinebut inggih Wirya Arya
Nggih punika lurah ingkang kaping tri
Wondene kang kapatipun
Lurah Harya Purwana
Kaping lima Yuwana Sutadi iku
Pinangka Kepala Desa
Ing Girisekar puniki

Kaping sat Kepala Desa
Sumijarto kang kepareng angembani
Mangkana salerehipun
Ginantosan Sutarpan
Inggih kepala desa ping pitunipun
Tumekeng wanci punika

Girisekar den embani
Tuntas sampun anggen samnya
Mijil wengi angluru nlusur nglari
Ngupadi mring adegipun
Nggih desa Girisekar
Kang supadi ywa kongsi dadi kalimput
Labuh labeting pangarsa
Kang mamrih rejaning nagri.


(Sumber: Piweling dadya Piwulang,)



Abdi dalem Kraton maos serat naskah carik kuno **(Foto-fid)**

Kasetyan

FADMI SUSTIWI



Lan sembah sungkemipun
Mring Hyang Sukma elinga sireku
Apan titah sadaya amung sadermi
Tan wenang sira andhaku
Kabeh kagungan Hyang Manon

WENGI kang nglangut. Tembange Mbah Rebi krasa ngiris-iris ati. Sekar Gambuh. Embuh ana apa wengi iki Mbah Rebi ujug-ujug nembang Gambuh. Kaya-kaya wis tetaunan aku ora krungu tembang kuwi. Kudune Mbah Rebi uga ngerti, saiki aku dhewe, lungguhan ana tritisan iki. Sepi, ora ana sapa-sapa maneh.

Apa Mbah Rebi kepengin aku kelingan jaman semana? Jaman wiwitan aku ndherek lenggah ana ndalem pangeran lan tansah nampa sih katresnane Mas Pras, sisihanku? Jaman wiwitan aku bebrayan, seneng banget rasane yen Mbah Rebi nembangke Sekar Gambuh. Apamaneh yen Mbah Rebi banjur ngrakit tembang kang nyritakke sih katresnanku karo Mas Pras. Bocah pesisir kang adoh seka negara, nanging dipundhut garwa putra pangeran.

"Gambuh menika nggambaraken lelampahing pasangan ingkang anggenipun mbangun bebrayan sampun sami cocok, salaras lan temen-temen ngraosaken kamulyaning gesang kados Denayu Ratri kaliyan Denbagus Pras," ature Mbah Rebi karo nyembah, nalika mbiyen aku nyuwun pirsa.

Tembang kang nengsemake. Biasane Mas Pras banjur nyawang aku kanthi sunar katresnan.

Raden Mas Prasetiadi. Priya gegantilaning ati, kang wis meh sepuluh taun kepungkur disuwun kondur karo Gusti Allah. Wengi kuwi, priya kang taktresnani lair batin mau mung krasa kesel lan nyuwun dipeteg, ning kudu aku, emoh karo abdi. Panyuwunan sing kanggoku rada aneh. Ning durung nganti takwiwiti metegi malah nyekel tanganku, banjur diarasi lan kanthi mesem ngendika : "Jeng apuranen aku.... Aku tansah tresna sliramu...." Mas Pras banjur unjal ambegan landhung kanthi isih nyawang aku lan nggegem tanganku. Aku mesem, ngrasakke dhadhaku kang dheg-dhegan ra karuwan. Rasane kaya nalika sepisanan dadi garwane diajak kondur ana ndaleme, sawise pahargyan ageng ana gedhong. Durung nganti aku bisa nata ati, sakala aku njerit lan nangis nalika cekelane Mas Pras kendho lan banjur socane merem sawise ngucap syahadat lan istighfar kaping telu.

Banyu kang temetes ing pipi njalari kagetku. Wewayangan meh sepuluh taun kepungkur kuwi kaya-kaya lagi wingi sore dumadi, isih durung bisa ilang saka mripatku.

Aku njondhil nalika krasa ana sing ngemek lengenku. "Ndara putri, sampun dalu. Mangga pinarak wonten lebet... Angin dalu menika mboten sae kangge kasarasan. Mangga kawula dherekaken...."

Tanpa swara aku menyat saka lungguhan. Senajan tanpa swara, takkira Mbah Rebi ngerti menawa luhku dleweran, nelesi pipi. "Ora krasa ya Mbah, malem Jemuwah minggu ngarep wis pengetan 10 taune Mas Pras...."

***

"Ibu, kathah anggenipun badhe mundhut sekar? Mangke saget dipun aturi regi *spesial*," ujug-ujug ana swara ing sandhingku nalika aku lagi milih-milih antarane angrek *cattleya, vanda* lan *dendrobium*. Ana kenya ireng manis nang jejerku kang nyawang kanthi mripat kebak pangarep-arep aku mborong dagangane.

"Iki kagungane, Mbak?"



"Mboten Ibu, menika kula nembe dolan wonten mriki, ngenggar-enggar manah. Ingkang nembe ngladosi tamu wonten ngajeng menika kanca kula, karyawan wonten mriki. Kula namung mbiyantu kemawon. Ingkang kagungan Ibu Singgih, lenggahipun wonten Pojok Beteng Kulon... ngendikanipun sakawit menika namung hobby ingkang lajeng saged kagem bisnis. Manawi kula remen ningali kemawon sekar ingkang edi peni lan mboten sisah ngrimat. Nanging kula ugi saged sinau wonten mriki....."

Senajan dudu karyawan, kenya ireng manis mau sajake ngerti akeh babagan kembang anggrek. Mula critane bab anggrek akeh banget lan kala-kala melu ngladeni ngedhun-dhunke kembang. Sing ora bisa ditutupi ana ing pasuryane le sajak gumun merga akeh banget pot kembang sing takdhunke, tandha takpilih. Taksawang bocah mau sajak kepengin banget takon kok akeh banget anggrek sing takpilih.

"Kathah sanget Ibu?" Pungkasane ketrucut uga pitakonane kuwi. Pitakonan sing wis takkira.

"Ibu bakal duwe tamu akeh Mbak.... Pot anggrek iki kanggo hiasan meja," pratelanku wiwit ora basa marang kenya mau. Aku banjur nyelehke bokong ana kursi kang pancen akeh disedhiyakake ing pinggir-pinggir dalan antarane kembang-kembang kang didol. Wis sauntara mubeng-mubeng kok rasane sikil wiwit kesel. Kenya mau melu-melu lungguh ana sandhingku. Mbokmenawa dheweke pancen lagi sinau *marketing*, batinku.

Jaman saiki wis dudu bab aneh, akeh bocah-bocah sing kuliyah sing migunakake wektu kosong nggo ajar nyambutgawe. Malah akeh-akehe putra-putrane para pengusaha sukses, sing kepengin ajar wiwit seka ngisor ning ora karo wong tuwane. Bocah-bocah nom sing kepengin mandhiri asring gawe mongkogku. Bocah sing ora mung kridha lumahing asta marang wong tuwane, nanging uga nduweni kaprigelan.

"Asmane sapa Mbak, kuliyah ana ngendi?" Pitakonku marang kenya ireng manis mau.

"Kula Wilis, Ibu.... Kula sinau wonten fakultas ekonomi lan bisnis, nembe semester tiga." Ature karo ngulungake wedang putih kang lagi dijupuk saka rak sacedhake lungguhan.

"Nuwunsewu, kados pundi anggen kula kedah ngaturi Ibu?"

Aku mesem krungu ature Wilis. Bocah kang merak ati. Lan kena diarani, aku pancen wis kepranan marang kenya ireng manis iki, wiwit sepisanan weruh mau. Ana rasa mak gregel nalika aku lan Wilis lungguh jejer, lan njupuk lapis sanguku kang takwetokake seka tas. Ana rasa kangen, pitulas taun aku bebrayan karo Mas Pras tanpa anak, nganti ditinggal seda.

"Bapak Ibuku mbiyen paring tenger, Sekar Ratri. Nanging saiki dha ngaturi aku Bu Ageng." Aku unjal ambegan landhung banget. Ana rasa perih ing dhadha nalika nyebut jeneng kuwi. Tenger kanggo nggampangke prunan-prunan saka kulawargane Mas Pras, kang jejer putra mbarep.

"Ibu badhe kagungan kersa lan sedaya meja pun paringi anggrek?" pratelane sajak gumun. "Samangke," ature maneh, "Dalemipun Bu Ageng kathah sangat anggrekipun. Wah endah asri dalemipun Bu Ageng menawi pas mekar sesarengan."

Aku mung ngguyu krungu ature. "Ora Mbak, biasane tamu-tamu sok ngasta pot kembang sing nang meja. Jarene *souvenir*...."

"Kok Bu Ageng saged ngendika mekaten?"

"Mbak Wilis ora apa-apa yen Ibu crita?"

Bocah kang lungguh ana sandhingku kuwi manthuk. Sarujuk.

***

"Pengetan iki dudu kanggo sing sepisanan. Sesuk, pengetan sepuluh taune almarhum sisihanku. Sisihan kang banget taktresnani. Mbiyen pengetan setaun rongtaun dileksanani nang panti asuhan, takpasrahke kabeh. Dene aku milih golek tamba ati menyang Mekah, umrah. Nang kana aku bisa nyenyuwun lan nangis marang Gusti Kang Maha Asih. Nanging bareng nyewu, kulawarga padha ngendika menawa kudu nang ngomah lan aku kudu ana. Mula njur takpengeti nang ndalem, kanthi ngundhang tangga teparo uga bocah-bocah yatim panti asuhan. Nalika krungu bocah-bocah yatim padha maca *Surat Yasin*, *Surat Waqiah* lan *Surat Mulk*, rasane atiku ora karu-karuwan. Aku nangis, eling mati, eling kiyamat lan liya-liyane. Kasunyatane urip kuwi ora gampang Mbak.... Malah kepara abot banget. Wiwit nyewu kuwi, pengetan khol banjur tansah diadani ana ndalem. Tamune sansaya akeh merga ana kulawarga, kanca-kanca barang."

Aku meneng lan bali nyawang Wilis. Bocah mau kaya-kaya ngenteni anggonku nerusake crita. "Ora apa-apa Mbak Wilis, yen Bu Ageng crita? Aku ora *riya*, mung sapa ngerti iki bisa kanggo sinau mbesuk yen sliramu bebrayan. Lan seseg nang njero dhadhane ibu uga bisa ilang."

Wilis mung manthuk. "Sembahnuwun Bu Ageng, sampun pitados dhumateng kawula."

"Durung nganti lulus kuliyah, isih 22 taun, aku wis digarwa

sisihanku. Bapak ibuku rumangsa begja kemayangan, ana bocah pesisir dipundhut garwa putra pangeran. Mula bapakku akeh banget anggone nyangoni aku wujud bandha lan raja brana. Kabeh kanthi pengangkah, aja nganti anake wedok mung dikira melu mulya." Aku nyerot ambegan, mbuang rasa seseg ing dhadha. Banjur takterusake maneh anggonku crita:

"Kabegjanku pranyata ora suwe. Sepuluh taun kepungkur garwaku seda ana sangarepku, ana pangkonku. Umurku uga durung genep 40 taun wektu iku. Atiku remuk, sak remuk-remuke ditinggal dheweke, senajan aku ngerti ana wanita liya ing uripe. Wanita kang sejatine wis ngrusak uripku nalika bebrayanku lagi ngancik taun ka lima. Nalika ngerti ana wanita liya ing sisihe Mas Pras, atiku kaya dijojoh-jojoh. Uripku kaya ancik-ancik geni. Nalika aku kepengin nyuwun pegat, ana kanca raketku sing ngandhani supaya ora usah pegatan. Menawa nganti pegatan, jenenge aku kalah, lan wanita liya mau menang. Tujuwane pancen nyingkirke aku."

Aku leren maneh anggonku crita, ngumpulake sakabehe kekuwatan kanggo ndhudhah kenangan iku pait iku.

"Wiwit kuwi, aku banjur sengkut nyambutgawe. Malah banjur sekolah maneh, njupuk S2. Mas Pras kala-kala ora kondur, aku ora tau nyuwun pirsa. Menawa piyambake kondur, taktampa kanthi esem, apa kewajibanku jejer garwa tak leksanani. Tak cepaki unjukan, dhahar lan sapunanggale. Sethithik wae ora tak katonke susahku. Sing abot pancen menawa Bapak ibuku rawuh lan Mas Pras pas ora ana ndalem. Ning aku tansah nutupi kabeh mau, saengga Bapak ora pirsa menawa atiku sejatine remuk, ajur mumur," ujarku luwih adoh.

Taklirik Wilis isih anteng. Nyemak critaku kanthi tumemen.

"Kasunyatane, kabeh mau durung rampung, sawise Mas Pras tilar donya. Ora ana udan ora ana angin, ujug-ujug ana wanita nilpon nakokake, piye omah sing dienggoni kang kanthi asmane Mas Pras? Marga saben sasi isih kudu mbayar cicilan. Njur ana maneh sing mara dhayoh, ngandhakake Mas Pras duwe utang atusan juta.... Kang luwih nglarani ati nalika sedulur-sedulure Mas Pras wiwit nyatur nang mburiku, menawa sedhela meneh aku bakal rabi karo priya liya. Mula banjur padha takon, apa bandhane Mas Pras ana sing bisa kanggo warisan sedulur marga aku ora anak-anak karo Mas Pras. Ana sidhang kulawarga kuwi, tangisku kaya bendungan ambrol. Rasane aku dhewe ora percaya karo pitakonan mau."

Dheg! Wilis katon kaget. Mripate katon manther nyawang aku sajak ora percaya karo omonganku. Tak sawang, mripate katon kembeng-kembeng.

"Lajeng Ibu kados pundi?"

"Gusti Allah ora sare. Ibu mung pasrah bongkokan, menawa ana sing arep dipundhut kulawarga tak sumanggakake. *Alhamdulillah*, omah sing taklenggahi karo Mas Pras kuwi dipundhutke Bapakku. Lan almarhum Bapak mbangun omah kuwi ora kalah karo dalem pangeran. Ibu bisane mung masrahake kabeh marang Gusti Allah, marang Gusti Kang Maha Asih kuwi Ibu tansah nangis, nyuwun kekuatan lan pituduh."

Wilis tumungkul krungu critaku. Aku uga ora bakal munthes crita tekan semene. Kabeh kudu taksokake, supaya sing takendhem sasuwene iki ora gawe jebol dhadhaku. Sasuwene iki aku ora bisa crita marang sapa-sapa. Embuh, lagi ketemu sepisan kok aku wis percaya marang bocah cilik ireng manis aran Wilis.

"Ibu mung tansah ndonga lan ndonga, senajan tetep ngupaya supaya kabeh bisa tuntas. Prekara omah sing dinggo wong wedok liya aku ora urusan. Ning jeneng utang lan sapanunggale kabeh takupaya bisa rampung. Lan *Alhamdulillah* rampung, tanpa bantuwane ipe-ipeku."

Wilis ndhengangak, nyawang aku sajak ora percaya."Se-daya?"

"Iya cah ayu... malah Ibu saiki uga kagungan usaha, ethok-ethoke aku saiki perempuan pengusaha. *Alhamdulillah*, Gusti Allah paring pitulungan. Mula wis dadi sumpahku, ora bakal ninggalke bocah-bocah yatim. Saben sasi ana panti asuhan kang taksantuni kanthi ajeg, yen riyaya udakara 300 bocah yatim sing taksantuni...

"Mung siji Mbak sing taksuwun, muga-muga kulawargane Mas Pras pirsa kasetyanku. Senajan atiku wis digawe ajur mumur nanging menawa shalat tansah takaturke donga kagem Mas Pras, muga Gusti paring ampunan marang piyambake, senajan nalika uripe wis nglarani lan natoni atiku...."

Krungu aku mingseg-mingseg, Wilis nyawang sajak bingung. Mbokmanawa pikirane Wilis ora bisa nampa krungu crita mau. Mbokmenawa wae yen kawetu bakal matur kok Bu Ageng ki ora pinter. Gelem-geleme ndongakke priya kang wis nglarani ati.

"Sepinten agenge ketresnan Ibu, saengga mboten saged sengit senajan priya wau sampun ngrisak manah? Almarhum Pak Pras mesthi mongkog nggih Bu, pirsa agenge katresnanipun Ibu?" Wilis nyawang aku.

"Gempile ati pancen ora bisa dirapetke maneh cah ayu. Nanging tresna tansah paring pangapura... lan kanthi paring pangapura kuwi njalari uripku tentrem lan bahagia. Ora ana wong bisa lali marang tatu kang nandhes ati. Nanging Ibu mung nyoba, supaya laraning ati ora tambah perih...."

Dhadhaku rasane saiki plong sawise bisa nyuntak sakabehe uneg-uneg iku. ***

Swargi Ki Enthus, Dhalang Trah Mataram

"Dhalang, ya mayang. Hakikat dhalang, ya mayang. Mula yen ana dhalang kang isih tataran ajar, ya aja dha dipenggak, disalah-salahke. Aja dha kaya ngono. Ben wae, didelok dhisik. Dhalang sepuh kudu gelem mulang, asih marang dhalang mudha. Kang mudha, dalang enom ya padha sungkem marang dhalang sepuh. Yen kahanan kaya ngono iku bisa wujud, tangeh wayang cures gusis saka Indonesia."



Ki Enthus **(Foto-fid)**

MANGKONO ngendikane Ki Ethus Susmono, nalika paring pangandikan ing Seminar Internasional Wayang mapan ing Gedung Pracimosono Kepatihan Yogyakarta. Nalika iku Dinas Kebudayaan DIY nedheng ngadani Jogjakarta International Heritage Festival (JIHF), wulan November 2017. Seminar ngrawuhake Ki Enthus Susmono kang ngendika bareng karo Nicolas Escobar saka Singapura.

Nalika iku piyambake akeh anggone urun rembug lan paring atur bab amrih maju lan tumangkare pendhalangan ing Ngayogyakarta. Ana bab kang kudu tansah kaudi, yaiku kabeh panjangka mesthi nganggo proses kang tumemen lan yen tumindak kudu tansah tumanja (*out came*), cetha lan gumathok. Ora kena waton lan kudu profesional. "Pentas rutin wayang ki manajemene aja dipasrahke dhalang, dipasrahke cah nom, manajer profesional wae," ngendikane nalika iku.

Ki Enthus lair 21 Juni 1966. Seda 14 Mei 2018 ing RSUD Soesilo, Slawi, Tegal. Akeh kang ujar satemene, Ki Enthus iki dhalang trah Mataram. Leluhure Ki Enthus iku dhalang kondhang jaman Mataram Amangkurat, yaiku dhalang asal Bagelen, Raden Mas Singadimeja. Pancen akeh kang percaya, yen punjer lan pancer dalang wayang purwa iku Ki Panjangmas kang sugeng ing jaman Sultan Agung nganti tumekan jaman Amangkurat Agung ing Mataram. Dene wong tuwane Ki Enthus, Ki Sumaryadiharja, uga dhalang wayang golek ing Tegal.

Ing Ngayogyakarta, Ki Enthus ora mung duwe pandhemen kang akeh, para mudha tumaruna, lan mahasiswa nanging uga kagungan tim kreatif kang padha ngangsu kawruh ing pamulangan luhur. Ana kang mligi tim kreatif desain gambar wayang-wayang kreasi Ki Enthus Susmono. Wayang Planet, yasan Ki Enthus kang dipamerake ing Museum Sonobudoyo nalika JIHF 2017, Tim Kreatif Ki Enthus tedhak ngayahi panataning pameran. Kalebu, Wayang Rai Wong kang uga yasan Ki Enthus. Swargi satemene ora mung dhalang kang kreatif nalika babar pakeliran, nanging uga kreatif produktif gawe rekan anyar kang magepokan karo wayang. Kepara Ki Enthus uga dhalang wayang golek kang pinunjul. Gecul, lucu, antawecanane cucut, ca blaka suta ora tedheng aling-aling. Gagrak lan sanggite beda karo dhalang liyane nanging tansah mulih marang paugeran pakeliran lan wayang.

Sanajan wis ngasta Bupati Tegal, nanging isih ajeg ngringgit. Wiwit taun 1985 wis katon bakat lan krekahe anggone ngecakake pakeliran. Baut ing pakeliran nanging uga baut ing jagat pasrawungan. Ki Enthus uga sinau beladiri lan organisasi. Ora hamung ana ing Pepadi nangng uga ing Lesbumi PBNU. Nate sinau bahasa lan sastra ing Universitas Pancasakti Tegal. Dalang Terbaik ing Festival Wayang Indonesia (2005). Kapitayane ing pewayangan wis diakoni dening wong manca. Gelar Doktor HC kaparingake saka Universitas Missouri USA lan Laguna College of Bussines and Arts, Philipina. Penghargaan Upakarta Reksa Manggala Budaya saka Universitas Negeri Semarang. Dene wayang yasane wis kakoleksi ing Belanda, Inggris, Jerman, lan Mexico. **(pdm)**



Ledhek Tayub Kajiret Politik

DONYANE ledhek (kasebut uga tledhek) pancen bisa gawe saperangan wong padha kesengsem. Saperangan wanodya sesidheman uga padha kepengen amrih bisa dadi ledhek. Eba senenge ati nalika nyawang ana pagelaran tayub komplit karo ledheke. Wanodya njoged bareng wong lanang kang nayub, kairing swara gamelan tansaya gawe regeng swasanane. Wose, akeh sing padha lali kepara malah nglali marang kuwajibane uga marang kulawargane – bojo, anak, mantu, putu – ing omah dadi kapiran. Wong lanang padha antri nayub lan nyawer.

Ananging kepiye sajatine wanodya kang nglakoni urip dadi ledhek? Apa ya seneng atine? Kacarita ana ledhek kang aran Sriyati kang kawentar polah jogede ing jagading tayub ing tlatah Blora, Jawa Tengah. Sasuwene melu tayub, jenenge Sriyati moncer ing tlatah Blora lan sakukubane.

Crita ngenani Sriyati iki kapacak ana ing novel *Ledhek dari Blora* (Araska, 2017) anggitane Budi Sardjono. Budi wis wiwit nulis ing taun 1976 kanthi sandhi asma Agnes Yani Sardjono. Aku uga nate maca tulisan anggitane Budi Sardjono wiwit taun 1980-an nalika isih nyandhang sandhi asma Agnes Yani Sardjono. Kala semana aku wis nyimak novelet anggitane Agnes Yani Sardjono kang kapacak ing ariwarti *Kedaulatan Rakyat*. Novel *Ledhek dari Blora,* sadurunge wujud buku, uga kapacak dhisik ing kalawarti *Minggu Pagi*.

Salah siji ciri wanci tulisan anggitane Budi, yaiku nganggo jeneng Sambudi



utawa diceluk Sam kanggo protagonise utawa paraga utama. Kalebu uga *cerita bersambung* (cerbung) *Ledhek dari Blora*. Novel iki uga nyritakake Sam kang ngemban gaweyan nglacak ledhek Sriyati ing Blora. Sam nyaguhi panggaweyan dadi *ghost writer* utawa *penulis bayangan* kanggo wong kang mbayari dheweke, yaiku Mas Don kang manggone ing Jakarta. Panggaweyan iku ditawakake marang Sam ngepasi kantor koran panggonan nyambut gawene Sam iku kukut amarga koran cithak ora payu lan kalah pamor karo media massa online.

Sam sida budhal menyang Blora. Dheweke bisa ketemu Waluyojati, Mbah Mantan Lurah ing Watu Dongkol kang tegese tilas benggol maling kayu lan uga germo, pranyata dukun ledhek. Malah, Sam uga bisa nyekseni carane kenya dadi ledhek. Mbah Mantan Lurah Watu Dongkol, uga dukun ledhek, sing nahbisake Marni, Wati, lan Ningsih saengga winisuda minangka ledhek.

Niyate dadi ledhek uga maneka warna, ing antarane ledhek siji lan liyane. Marni dadi ledhek amarga tulus saka jeroning ati lan wisik. Ndilalah jenate mbahe putri uga nate dadi ledhek ing jamane. Wati pengin dadi ledhek amarga supaya ora minder maneh. Dene Ningsih pengin mbales bojone sing wis megat lan ngasorake awake kanthi selingkuh lan pilih mlayu karo wanodya liya.

Beda karo ledhek anyaran telu iku sing wis nemoni urip kepenak, ledhek Sriyati urip ing jaman isih rekasa. Sanajan dadi ledhek ing jaman semana nyenengake amarga bisa mulya lan disubya-subya nanging uga bisa suwalike, kaya kang disandhang dening Sriyati, ngrasakake urip ing pakunjaran Plantungan amarga kena pitenah saka geger Gestok 1965. Sam dhewe ora gampang golek sisik melik ngenani Sriyati. Saka ancase sing pengin nulis donyane tayub lan ledhek, Sam malah dadi ngerti ana perkara luwih gedhe maneh ing alas jati Blora. Ana mafia dol tinuku jati lan lenga mentah sing bisa wae ngincer nyawane Sam amarga ngira Sam wartawan nembe *investigasi*, golek sisik melik babagan mafia jati lan lenga mentah kanggo warta ing korane.

Nanging, nyatane sing kawiyak malah sesambungane antarane Nirmala, suster rumah sakit karo Mas Don, bos sing mbayari lan ngragati Sam. Nirmala lan Mas Don tenane isih kakang adhi, padha-padha anake Sriyati. Ndilalah kok wektune padha dene ngepasi. Mbahe Nirmala, Ratmi mblakake jati dhirine menawa dheweke ora liya ibune Sriyati. Malah, Sriyati uga duwe sedulur tuwa utawa kangmas ing Jakarta, sing jenenge Mas Don. Pungkasaning crita, Mas Don kasil mbatalake niyate sawijining pengusaha ing Surabaya sing arep mbongkar kuburane Sriyati ing Blitar amarga arep didadekake hotel.

Ledhek dari Blora uga bisa nggambarake pangripta tumrap seni tradhisi tayub amrih tetep bisa langgeng utawa lestari. Seni tradhisi menawa bisa aja nganti kapilut ing politik kang tundhone mung gawe rekasa lan cilaka kanggone kawula cilik kang kalah. Kamangka, asal-usule tayub iku minangka upacara utawa ritus kanggo nguntapake rasa syukur amarga kadhang tani kasil ngundhuh panen. **(rts)**



Ledhek dari Blora
Budi Sardjono
Penerbit Araska, 2017 **(Foto-fid)**

Pandung lan Seksi

TANDHANE yen bebrayan Jawa kuwi wiwit jaman kunane mundhi lan ngluhurake hukum bisa mriksani saka saloka ing bothekane kabudayan. Saloka iku, manut Padmosoekotjo (1958:76) ewoning tembung entar, nanging unen-unene ora kena owah, ora kena kena digantim kudu ajeg panganggone sarta mawa surasa pepindhan. Sing dipindhakake "wonge". Wewatekan utawa kahanane wonge ya melu kasebut, nanging sing luwih ditengenake wonge. Mulane, tembung sing isi pepindhaning wong (barang) dumunung ana ing ngarep.

Murih bebrayan Jawa bisa tansah manjurung marang katentreman, mula ing sabarang lakuning budaya diarahake supaya bisa tumata kanthi sembada. Saloka dadi salah sijine sarana kanggo nggayuh tumuse katentreman lantaran ukara-ukara sing magepokan karo tumindake hukum/kukum, upamane ing bab maling lan seksi. *Maling sadu*: iki kanggo mbasakake pandung sing rewa-rewa wong becik. *Maling sakuthu*: mbasakake pandung/maling sing oleh pituduh saka tanggane sing arep dimalingi. *Maling samun*: ngibaratake wong nenemu ora mawa seksi utawa ora ngaturi uninga. *Maling sandi*: mbasakake pandung sing ora katon. *Maling sesaid*: salokane wong melu nalasah mlayune pandung, ora nganggo diajak. Wekasane sing melu mau nemu panggawene maling, katur ing pamarentah dadi kena panggrayang ala (prasasat anyaidake alane dhewe). *Maling timpuh*: salokane wong nyambut gawe ngalap berkah, gelem ngelongi utawa nggenteni garapane (meloke sing diarani maling timpuh kuwi kemasan, jalaran panggarape karo timpuh). *Maling totos*: mbasakake pethuting maling (totos: pethut, limpad tumraping kecu (benggol). *Maling tumoleh*: mbasake wong arep weweh utawa arep lelungan nanging atine tansah durung eklas. *Maling tunggal labet*: salokane wong tabete maling, kena ing panggrayang dadi panunggalane (rompoke) pandung. *Maling caluluk*: ibarate wong mlaku sandhi nanging kabrabehan (juweh) omongane dhewe. *Maling caluwed*: salokane wong madekake (marakake konangan) barang malingan utawa darbeking pandung. *Maling supata*: mbasakake wong nrajang utawa nerak sumpahe dhewe.

Saloka sing isih ana gepok-senggole karo kadurjanan kaya sing wus diaturake mau awujud saloka sing ngrembug prakara saksi/seksi. Saka sauntara sing bisa ditemokake, upamane *Saksi Aji*, tegese saksi ratu. Iku salokane wong oleh priyayi agung. *Saksi Angandha Gerah*, salokane: saksi ora weruh marang nalaring prakara, mung krungu bae saka omonge sing lagi perkaran. *Saksi Angiwak-iwak*, salokane: saksi mung krungu sabawa saka kadohan, kayata sabawane wong padu, ora ngerti sing dadi prakarane, kayadene iwak kaalingan banyu. *Saksi Dana,* salokane wong sugih, iku saksi utama marga bisa ngragadi menawa ana kalane kudu ngragadi prakarane. *Saksi Kulina Darma*, salokane saksi wong cilik, iku saksi nistha, yen ing jaman kuna bisa katampik dening pamarentah, dianggep wong lolawora.

Saksi Mantri Panggah, salokane saksi mantri sing santosa ing ati (saksi utama). *Saksi Ngundha Gerah*, salokane wong anekseni ujar bae, ora sumurup dhewe marang nalaring prakara. *Saksi Pondhongan*, ngibaratake saksi gaweyan (rekayasa). Dadi, saksi sing satemene ora ana, nanging digawe kareben pepriksan bisa lumaku. *Seksi Rembe/Rumembe*, yaiku saksi sanak-sedulur utawa saksi nuruhi, kayata: uwong duwe prakara ing ngarep mung ngajokake saksi siji, ing pamburine duwe saksi maneh. *Saksi Sakuthah*, salokane wong duwe seksi sanak-sedulur, utawa tunggal sawewengkon. *Saksi Tan Nancah*, salokane wong sing ora cidra, iki kalebu saksi utama. *Saksi Tumpang Teh*, salokane saksi durung didangu wus matur dhisik, utawa mikolehake marang sing padha padu. *Saksi Wanto,* saksi guru sing kerep memulang, iku klebu saksi utama.

Prakara kadurjanan (sing ancase supaya ora padha nindakake) uga digurit ing saloka liiyane. Kayata, *ngreka daya*: ibarate wong sing bisa gawe-gawe marang sapepadhane. *Ngreka maya*: salokane wong padu nganggo tembung sing kebak pengalem. *Ngreka pada*: salokane wong gawe-gawe seksi murih prakarane bisa ditanggapi. *Ngreka padeya*: salokane wong dadi seksi wong lunga (supaya prakarane ora ditutugake). *Ngreka purusa*: salokane wong padu padha akekudhung bandara. *Ngreka patra*: ibarat wong culika ethok-ethok gawe layang utawa gawe cap. *Ngreka raja*: ibarate wong padu ngaku-aku duwe seksi wong gedhe.

Jejeke negara lan tentreme masarakat ora bisa disebratake saka pakara hukum. Negara sing nenangi lan ngluhurake hukum mesthi dadi negara sing diajeni. Kanggo njaga supaya kaanane masarakat tetep tumata lan tuwuh katentreman, mula perlu ana hukum (kukum). Nalikane kraton-kraton Jawa isih mandhiri, bebadan hukum iku wus ana. Dhek jaman Surakarta apadene Ngayogyakarta dadi punjering praja isih diasta dening ratu, mula banjur ana bebadan hukum sing disebut pengadilan. **(DPP)**.

*****

Diembani dening Dinas Kebudayaan DIY tuwin Balai Bahasa DIY

Bausastra Kuwi Apa, ta?

NINDWIHAPSARI

TAU ana lelakon sing kala-kala ora tinemu nalar ing satengahing pagaweyan. Nalika semana ana mahasiswa sastra/basa Jawa saka sawijining universitas arep nyuwun pirsa bab sastra Jawa karo Bapak A. Kepengin nyuwun pirsa prakara sing gegayutan karo sastra Jawa murih skripsi sing lagi ditulis bisa rampung kanthi becik. Sadurunge ngrembug bab sastra Jawa kanthi bebles, mahasiswa mau didangu karo Bapak A. Pandangune, apa tegese tembung "pisusung" sing dadi judhule buku sastra sing arep digawe skripsi kuwi. Sing ndangu kaya ora percaya nalika sing ditakoni mau ora bisa njawab, "Aja guyon, Mbak. Mosok ora ngerti tegese? Ora mbukak bausastra?" Saya cingak maneh, bareng Bapak A mau mireng pandangon saka si Mahasiswa, "bausastra punika menapa ta, Pak? Tegesipun menapa?"

Sing diandharake ing ndhuwur mau dudu anekdhot utawa crita sing ngayawara, nanging kelakon temenan. Tembung-tembung basa Jawa yen durung dimangerteni karep utawa tegese bisa dilari ing bausastra (kamus). Kamus, tumrape sing padha ngudi basa murih bisa saya mundhak kawegigane dadi punjere kawruh. Menawa ora ngerti apa tegese/karepe sauntara tembung, mesthine nggoleki ing bausastra.

Ngenut jaman lumakune, prakarane, apa saiki wong Jawa isih padha tepung karo tembung-tembung Jawa? Tegese tepung kuwi mangerteni apa tegese utawa apa karepe. Upama yen ngantiya ora tepung, nanging isih gelem nyinau saka sumbere iku isih prayoga. Biasane, sing dadi underaning ora tepung karo tembung iya kurang anggone gelem ngilangi rasa keset.

Pancen akeh carane kanggo ngundhakake tembung sing durung utawa wus ora patiya ditepungi maneh. Ana buku judhul *Wulang Basa* (1933), anggitane Mas Sastradiarja. Buku mau kanggo siswa sekolah dasar klas 3. Sanajan buku mau kanggo pamulangan dhek jaman Landa, nanging satemene wigati yen dianggo kanggo sinau bocah-bocah jaman saiki, malah yen perlu kanggo mahasiswa basa Jawa sing ora patiya teteh maneh migunakake basa Jawa. Upamane, nyalini tembung-tembung sing padha karepe. Prentahe: "Tembung-Tembung kang Dikurung Salinana Padhane".

Ana wong nonoman, (*nglakokake*) kreta (*ngambah*) (*dalan*) gedhe, (*mandheg*) sadhela, takon marang wong desa: Apa mengko sore bisa (*tekan*) ing nagara. (*Saure*): Manawi lampah sampeyan (*rindhik*) inggih (*dumugi*). Kusir ora (*ngrèwès*) marang calathune wong desa mau, jarane, (*nuli*) di (*sanderake*). Ora antara suwe kretane (*katanggor*) ing watu, (*nuli*) angglewang, (*glindhingane*) tugel (*siji*). Calathune: Saupama laku-laku (*rindhik*) (*kiraku*) ora mangkene. Mulane bener (*ujare*) bebasan: ing (*samubarang*) pratingkah kudu kang (*cancingan*) nanging (*kanthia*) sarèh (*lan ngarah-arah*), dadi ora tumeka ing (*tiwas*).

Carane ngrembakake tembung becik jalaran nganggo crita. Kanthi mangkono sing sinau basa Jawa bisa sinau kanthi kepenak/nyenengake sinambi nggoleki tembung-tembung sing padha tegese kaya sing ana ing sajroning tandha kurung mau. Sinau basa iku ora mung cukup yen wus damang karo tembung bae, nanging uga bisa mangerteni kanthi jangkep karo surasane sing ora ginelar kanthi mlaha/sawantah. Basa Jawa minangka saranane medhar gagasan (komunikasi) wus samesthine disinau sawutuhe (ora mung sawantah/tegese, nanging uga budayane).

Ki Hadiwidjana, priyayi nimpuna ing babagan basa lan kasusastran Jawi nyathet tembung-tembung sing bisa nggambarake watak lan wewatekan ala lan becik. Watak becik watara ana 109 tembung, dene watak ala watawis ana 157 tembung. Sing becik upamane *Andhap asor, Anor-raga, Anteng, Bandhel, Bawa-leksana, Bekti, Ber, Berbudi, Blaba, Blater, Dhemen dana*, lsp. Dene sing ala upamane: *Amblunthah, Ambedhidhil, Ambegedut, Ambejujag, Ambesengut, Ambesiwit, Ambesur, Ambrengkelo, Amblubut, Andhugal,Andremis*, *Supata, Sumpah, pratignya, cethil*, lsp. Tembung-tembung kaya mangkono mau pigunane: (1) kena kanggo srana mawas dhiri, (2) kanggo ancer-ancer anggone nggulawenthah anak putu, (3) kacaketna marang wewatekan becik ing kapribaden Jawa, lan (4) adoh saka prakawa sing ora becik.

*****

Panulis Peneliti Sastra
Balai Bahasa DI Yogyakarta



Nindwihapsari

Pepethan Naga

YASHIKA SIDIK PRADANA

NAGA saka tembung sansekerta kang ateges “Ula Lanang”, dene ula wedok diarani “Nagagini”

Jroning basa kawi naga ateges “Ula”, semono uga ing basa jawa ateges ula gedhe rakseksa lan dipercaya nduweni kekuatan “Magic”. Naga dadi kapercayan jroning owah-owahan taun, sasi, dina lan uga dipigunakke minangka petungan (Wojo Wasito, 1977:174; Prawira Atmaja, 1981:335).

Yen diwawas saka sejarah, kapercayan bab ula naga wis ana ewon taun sadurunge Masehi luwih-luwih ing kutha Harappa India lan Mohenjodaro ing Pakistan, ing kutha kuna loro iku, pakurmatan marang naga minangka kewan sing diurmati lan dipercaya minangka sing nguwasani banyu, emas berlian lan bandha donya. Penganut Budha ing India dipercaya minangka lambing kesuburan (Munoz:2009:55).

Kapercayan ngenani naga uga tekan Indonesia, wis ditemokake ing kraton Sriwijaya, yaiku anane Prasasti ing watu saka kutha Palembang Abad VII. Prasasti isi sumpah lan diwenehi lambing wujud naga cacahe 7 diwujudi sirah naga. Nitik wewangunane gegambaran ula kobra (Satari, 236 – 243). Dadi narik kawigaten, ing Prasasti sirah naga kejaba ing Prasasti Telagha Batu.

Ing sengkalan memet, ula naga uga tinemu ing regol museum Pangeran Diponegoro kanthi jeneng “Buta Meksa Basuki Ning Bawana” kang ateghes taun 1825. Buta ora madeg dhewe, nanging disengkuyung naga, dadi saya cetha Manawa gegambaran naga bisa diprangguli ing sadhengah papan, klebu regol lan gapura.

Naga, Museum Diponegoro ***(Foto-ysp)***



Bausastra

anjag-anjag: mlaku terus tanpa suba sita bares kures: lugu banget

cemumak-cemumuk: mlaku ing petengan semu grayah-grayah

geyal-geyol: mamah apa-apa sing alot

geyang-geyong: gondhal-gandhul

ginak-ginuk: lemu mempuh-mempuh

gidra-gidro: jingkrak-jingkrak tangane sraweyan

ginjal-ginjal: njola-jola marga ngindak bab sing nggilani

grendhat-grendhet: bola-bali kandheg kesangkut

ingah-ingih: katon memelas dening kemlaratan

ingak-ingik: kerep nangis

kelawun-lawun: enggal gelis gedhe

klembar-klembar: katon kledhang-kledhang kumlembreh

kogel-kogel: obah-obah kaya ula

komprang-komprang: kombor tumrap ing kathok

lerah-lerah: katon abang srta akeh tumrap getih

lerap-lerap: katon bening gumebyar tumrap banyu

leye-leye: ora obah-obah merga wareg banget

rojah-rajeh: suwek tatu kaya ajur

rungak-rungak: kaget njegeg sarta bingung

runjah-runjah: njola-jola tumrap jaran, lincak-lincak

runtang-runtung: tansah awor ora tau pisah

ruweg-ruweg: rejab-rejab pating slembreh ora tata

semeng-semeng: sumlenget panas tumrap badan

slenthang-slenthing: mambu sing ora enak, kabar kang durung terang

tregal-tregel: grusah-grusuh

trunyuk-trunyuk: mlebu tanpa nganggo tata krama

umad-umed: obahing lambe kaya arep omongan gedumelan

(Bausastra Jawa, W.J.S. Poerwadarminta)

Aksaragita

Purwapada

Budaya kang adiluhung bisa kabutekake saka asiling budaya, kayata bangsa kang bisa ngasilake aksara. Jawa nuwe aksara Jawa minangka asiling budaya. Aksara Jawa kang minangka sarana komunikasi iku uga ngandhut sejatining tiyang Jawa kang kebak pasemon. Bab-bab kang arep dibabar ora mlaha diandharake, nanging lumantar simbol, sandhi, pasemon, utawa tembung liya kang lumrah digunakake.

Ing aksara Jawa ana kang disebut ‘pada’. Pada, yaiku *tanda baca* nalika nulis nganggo aksara Jawa. Pada awujud adeg-adeg, pada lingsa, pada lungsi, pada pangkat, pada guru, lan pada pacak, dene ing tembang jawa migunakake purwapada, madyapada, lan wasanapada. Edhisi iki ngokceki bab purwapada.

Purwapada kedadeyan saka rong perangan, yaiku pangapit lan isi. Pada mangajapa saka roncening aksara ,ꦤ, ,ꦥ kawaca ‘mangajapa’ minangka pangapit. Sabanjure, aksara ꦤ lan ,(ꦤ) kang kawaca ‘baca’ minangka isi.

Tembung ‘mangajapa’ linggane ‘pangajab’ entuk ater-ater ma+ lan panambang +a. Tegese tembung kuwi yaiku ndongaa kanggo apa kang bakal kok lakoni. Dene tembung ‘baca’ ditegesi ‘becik’.

Roncen aksara iku bisa kawaca ‘mangajapa becik’ kang ditegesi minangka pandonga yen riptaning tembang iku bisa nuwuhake kabecikan kanggo para maos. Kawiwitan sinartan donga kabecikan lang kapungkasan kanthi nuwuhake kasil kang becik uga.

Purwapada ditulis minangka tandha buka wiwitaning tembang. Purwapada ditulis ngapit judhuling pupuh wiwitan utawa wiwitaning gatra pupuh wiwitan (yen ora nganggo judhul).

Purwapada minangka pangapiting judhul pupuh tembang

Purwapada minangka wiwitaning gatra ing pupuh wiwitan

Tuladha kaping loro iki ora nganggo judhul. Judhul ing tembang kaping loro nganggo cara sasmitaning tembang, yaiku ana ing ukara /mingkar mingkuring angkara/ tegese iku tembang Pangkur, pramila bisa tanpa judhul. Awit saka iku, mula anggone nulis purwapada ana ing ngarep dhewe sadurunge gatra sepisanan.

Serat Bimapaksa


1. Sarkara panguswaning gati|arsa mangun citraning gitaya|mèt carita laksitané|Sang Séna madeg wiku|apaparab Sang Bima Suci|inggih Sang Bima Paksa|sasana nèng gunung|laladan nagri Ngastina|sinung tengran Ngargakélasa kang wukir|winangun acrabakan||

2. Marmanira Sang Bayu siwi|sekunging tyas mahambeg pandhita|tilar mring kasatriyané|ing nguni gancaripun|duk Sang Séna maksih taruni|wus sengsem ulah brata|puruhitèng guru|yèku Resi Kumbayana|Arya Séna minta wedharing lulungid|dununging Tirtamarta||

3. Sakingdrengingdènira mangungkih|mring wulangé Resi Kumbayana|Sang Séna prasetya tyasé|sagah arsa mituhu|sapitedahira Sang Resi|marma Sang Kumbayana|kakenan tyasipun|Sang Séna nulya winarah|tatarané anggayuh Prawitasari|tirta sucining gesang||


4. Nging wulangé Kumbayana Resi|sinamuning basa kékérasan|kinarya nètèr siswané|yèku Sang Bayusunu|dhinawuhan andhungkar wukir|kang aran Reksamuka|ngriku margininipun|anggayuh sucining gesang|Brataséna tanggap gatining lulungit|wulangé dwijanira||

5. Arya Séna sigra anglekasi|mesu brata lir mamati raga|tyas darana pangekesé|marang kridhaning kayun|poncadriya dahat liniling|wenganing cipta rasa|winawas mrih lulut|marang laksitaning brata|sarwa sarèh pangulahé awas éling|pineling lenging cipta||



6. Adèn-adèn papaèsing dhiri|myang pénginan kamuktèné angga|wus samya dènkipataké|nadyan prawirèng pupuh|aji jaya sektining jurit|samya papal binèngkas|kang kèsthi ing kalbu|tarlèn mung sucining gesang|amituhu wulangé sang guru nadi|tan mèngèng praptèng laya||

7. Sing kandhasé tyas mamasuh dhiri|samantara gya nawung prabasa|yayah dadya usadané|mring sanggya kang andulu|kang mahambeg dursila juti|tyas wadhag pindha yaksa|temah sami émut|marang kamanungsanira|ngrasa wirang ngambal lan tindak juti|dadya sengsem tyas arja||



8. Mung gawaté amamargi kapti|mring sembada laksitaning tékad|tuhu werit pangulahé|marma sanépanipun|yèn ginambar paklirané gita|pinetha Arya Séna|andhungkari gunung|kongsi karya kagègèran|ditya kalih kalih kang ambaureksa wukir|krura sami nempuh prang||

Piwucal saha ringkesanipun Serat Bimapaksa punika bantahipun tiyang ahli ngelmi akaliyan tiyang ahli kaprajan; lenggahipun pralampita curiga manjing wrangka; wedharan mapaning laksitarja. Kejawi punika, ndunungaken prakawis bantahipun gurunadi ingkang kaprabawan wasésaning praja akalayan wismadi ingkang sampun pana pranawa ngantos bab tekad sasrta brataning janma sawiji. Gesang mboten badhe pinanggih tentrem menawi namung ngoyak kadonyan. Antawisipun kadonyan lan karohanen kedah salaras.

(Pupuh Dhandhanggula I, pada 1-8, Kapethik saking Serat Ringkes Dèwa Ruci Kawedhar (Warongka Manjing Curiga), Minangka purwakaning Serat Bimapaksa (curiga manjing warongka), Cithakan Ingkang Kaping Kalih, anggitanKi Siswaharsaya, Kawedalaken dèning Paguyuban Mahadéwa- Bumija-Ngayogyakarta, 1883/1961. Alih aksara: **(DPP).**

Desa Logandheng: Mbrasta Begal Kecu

DESA Logandheng ing Gunungkidul, papan kang saiki dadi primadhona para masarakat kanggo wisata. Papan iku jebul nduweni crita heroik ing mula bukane jeneng Logandheng.

Javanensche Almanak (H. Buning, 1890) mratelakake Gunungkidul isih disebut Redi Kidul jaman semana. Wektu iku, Tumenggung Cakranagara minangka pimpinane dhaerah kana. Kademangan kang ana ing tlatah kang saiki disebut Logandheng iku dhisik saka 2 demang kang dipercaya mimpin wilayah kana. Demang Mangun Kartika ana ing Kademangan Siyana lan Demang Wangsa Wirana ana ing Kademangan Kepil. Kali lan alas kang ana ing satengahing kademangan iku dadi watesing wilayah paprentahan.

Alas Jati Wayang, sing ana ing antarane Kademangan Piyaman. Alas iku uga dadi wates tumrap Kademangan Kepil lan Siyana. Alas Jati Wayang iku wingit lan kebak bebaya merga dadi punjering para begal, uga papane para jin, dhanyang, lan dhemit-dhemit liyane. Lelembut iku dipandhegani dening Ratu Roro Kuning karo embane kang diarani Nyi Rumpeni.

Begal ing papan iku ora gelem srawung nyawiji karo kademangan ing kono, ora ngakoni yen Tumenggung Cakranagara minangka pangarsane. Dheweke nduwe panemu Alas Jati Wayang lan alas sakiwa tengene dadi wilayah kang madeg dhewe.

Telung kademangan (Siyana, Kepil, lan Piyaman) tintrim merga polahe begal. Telung kademangan dadi kebak rubeda, kerep ana maling, ana rajapati.

Telung kademangan iku rutin ngadani pisowanan mbahas maneka bab, antarane kahanan kang ora tentrem saka anane begal ing Alas Jati Wayang. Asiling pirembagan, begal ing Alas Jati Wayang amrih temtreming warga.

Tumenggung Cakranagara parentah Demang Mangun Kartika lan Demang Wangsa Wirana kanggo mbrasta begal ing Alas Jati Wayang. Katemtokake yen Demang Wangsa Wirana nrabas saking iring ler kilen. Demang Mangun Kartika nrabas saka sisih kidul wetan.

Karancang perang diwiwiti ing dina Kemis Kliwon (saiki dadi dina Merti Desa Logandheng) wayah isuk. Wektu iku dipilih, merga para begal saben wektu iku ngadani pista-pista ing wengi. Sarampunge pista-pista, para begal padha sayah. Banjur, wektu iku kang dinggo para demang saprajurite nrabas begal iku.

Cara-carane nrabas wis ditemtokake demang sakloron. Ana jago kluruk sepisan, Demang Kartika sabregada saka tlatah Siyana mbrasta saka sisi kidul wetan. Banjur, nalika ana jago kluruk kaping pindho, Demang Wangsa Wirana (Kepil) mbrasta saking sisih lor kulon. Jago kluruk kaping telu, kakeh kekuwatan saka Kademangan Kepil lan Siyana nrabas kabeh ing Alas Jati Wayang. Sadurunge padhang, para begal kudu wis tuntas kabrasta.

Biwaran asiling mbrasta begal iku kapireng Tumenggung Cakranagara ing Kadipaten Redi kidul, banjur didherekake prjurite ing Alas Jati Wayang. Tumenggung Cakranagara paring kekucah kanggo para demang sakloron kang wis bisa gawe tentreming kahanan.

Alas Jati Wayang kang wis bisa direbut para demang lan kahanan wis bisa dadi tentrem, Tumenggung Cakranagara paring dhawuh kanggo demang sakloron:

“Kowe sakloron satriyaku Demang Siyana lan Demang Kepil. Aku mung bisa ngaturaken panuwun marang kowe sakloron, awit kabantu warga lan prajuritmu kasil anggonmu numpes begal kecu, sing gawe kadipaten iki ora tentrem lan kebak ing angkara murka. Mula kowe sakloron dakwisudha minangka senapati ing Kadipaten. Sabanjure, kademangan 2 iki bakal dakdadekake siji, dene panguwasa dakpasrahake marang satriya enom mudha taruna kang lagi yuswa 19, wasis, digdaya, trampil, lan trengginas sing dakpercaya bakal bisa ngesuhi 2 kademangan iki. Ing alas iki aku weruh ana wit Lo cacah 2 kang gandhok. Iki mratandhani kademangan 2 iki kudu gegandhengan bareng dadi siji. Sesuk menawa ana rejaning jaman tlatah iki kasebut Lo Gandheng. Panguwasa dakpasrahake marang Mangun Wirana.

Lo-Gandheng asal tembunge, sabanjure, masarakat ing kana nyebut tlatah iku kanthi jeneng Logandheng tumekan saiki. Crita iku isih dipercaya dening masarakat lan dina nalika nrabas begal (Kemis Kliwon) didadekakeminangka dina Merti Desa Logandheng.(**hay**)

TBY Terbitke Buku Lakon Kethoprak

TAUN 2018, Taman Budaya Yogyakarta bakal babar buku Kumpulan Naskah Lakon Kethoprak kang dumadi saka lakon-lakon sasap ing Sayembara Penulisan Naskah Lakon Kethoprak TBY, 2017. Tumekan saiki naskah lakon wis rampung kaedhit dening para edhitor, Slamet HS, Dhanu Priyo Prabowo, Indra Tranggono, Suminto A Sayuti, lan Purwadmadi. Dene naskah katulis dening RM Altiyanto (WOS), Ari Purnomo (Pedhut Kaliwungu), Eko Purwanto (Sang Senapati), Sahono Purwanto (Surya Majapahit), lan Yunan Yusuf (Klilip ing Bumi Mangir). Buku bakal kaparingan ater-ater saka Prof. Dr. Suminto A Sayuti. **(fid)**



Pentas Sandra Tari Kontingen Yogyakarta **(Foto-fid)**

Lokakarya Yasa Novel Jawa

DINAS Kebudayaan DIY ngadani Workshop Penulisan Novel Jawa, 7-9 Mei 2018 kanggo para pengarang sastra Jawa kang sasap dadi nominator cacah 20 priyayi ing Sayembara Penulisan Novel Berbahasa Jawa taun 2018. Dene cacah iku kapilih saka 64 pengarang sastra Jawa kang ngirim proposal rancangan lakon lan gagasan cundhuk kalawan tema kang katetepake. Saben pengarang cacah 20 wong iki kang bakal padha nyerat novel saora-orane 200 kaca banjur kabiji dening dewan juri lan bakal katetepake 5 karya novel pemenang. Gayut karo tema, banjur padha kadhawuhan ndherek workshop kaweruh bab "Abad Samudera" lan Panca Mulia kaya kang dadi visi misi Gubernur DIY, 2017-2022. Dene kang paring keterangan bab iki, antarane Prof. Dr. Ir. Sudaryono saka Fakultas Teknik UGM. **(fid)**



Workshop Penulisan Novel Berbahasa Jawa **(Foto-fid)**

Muhibah Budaya Yogya ing Magetan

MUHIBAH Budaya Magetan Kumandang 2018, misi seni budaya DIY kagelar ing Magetan Jawa Timur (21/4/2018). Gubenur DIY Sri Sultan HB X tedhak nindaki ing Magetan lan paring pangandikan bab laladan budaya Mataram. Para pangarsaning praja Provinsi Jawa Timur, Kabupaten lan Walikota Magetan sami sesarengan para warga nampi rombongan muhibah saking DIY. Ing kalodhangan iku, uga kagelar wayang kulit gagrak Ngayogyakarta sawengi natas ing Pendhapa Kabupaten. Sadurunge uga kagelar Bedhaya Sang Amurwabumi, yasan Dalem HB X. Dene putri Dalem, GRAy Condrokirono karenan tendhak hambaksa. Uhibah budaya iki minangka sarana anggone tansah nyambung tali gayuting budaya Mataram. **(fid)**



Tari Sekar Pudyastuti, Gelar Budaya ing Magetan **(Foto-fid)**

Wayang Dadi Sarana Dakwah

MASJID At Taqwa nggelar pengajian selapanan kang beda kaya adate. Mesjid kang lagi wae rampung anggone dandan-danan iku nggelar pengajian kanthi nggunakake wayang kanggo dakwah. Ki Lutfi Caritagama kathi lakon Pandanaran Malik Grembyang kang gawe endah lan regenging pengajian iku.

Lakon Pandanaran Malik Grembyang nyritakake Sunan Kalijaga nalika dakwah kanggo Pandanaran lan sabanjure Pandanaran bisa sadhar saka kadonyan lan mlebu Islam. Lakon iku dijupuk saka asiling tesis Ki Lutfi Caritagama kang lagi wae rampung pendadaran saka Jurusan Interdisiplinery Islamic Studies, Islam Nusatara Universitas Islam Negeri Sunan Kalijaga Yogyakarta. Asiling tesis banjur digawe wayang dakwah kang sae. Ki Lutfi Caritagama meratelake yen wyang model iku bisa disebut Wayang Kekayon Khalifah.

Masjid kang mapan ing Pendawaharjo, Sleman iku para takmire uga ngagem busana Jawa jangkep nalika nggelar pengajian. Para warga saka 3 pedukuhan (Sawahan, Jetaan, Kliron) kebak, regeng, lan gayeng anggone melu pengajian kang beda saka adate iku. (**avg**)



Pentas Wayang Khalifah **(Foto-lutfi)**

RS Subalidinata Seda



RS Subalidinata

SASTRA lan budaya Jawa kelangan parampara kang pinunjul, RS Subalidinata. Ahli sastra lan budaya Jawa seda Senen Legi, 25 Juni 2018, 09.57 ing RS Panti Rapih Yogyakarta, kapringan yuswa 85 tahun, nilar putra cacah wolu lan wayah cacah sanga. Pak Bali, dosen Fakultas Ilmu Budaya UGM lan uga nate ngasta ing IKIP Yogyakarta, UNS Surakarta, lan ISI Yogyakarta. Lair ing Nanggulan Kulonprogo, 1932. Wiwit mudha tansah gegulang ing sastra lan budaya Jawa. Sinau ing SGA-SPG, Lulus BI Sastra Jawa lan Sarjana Sastra saka UGM. Pak Bali baut naliti lan nyerat kawruh kasusatran lan budaya Jawa. Buku anggitane, antarane, (1) "Sejarah Ruwatan Menurut Sumber Sastra Jawa", (2) Religi Dalam Sanjak-Sanjak Jawa Gagrak Anyar, (3) Purwakandha Sumber Cerita Wayang Purwa, (4) Jatidiri dan Kepemimpinan Kresna Dalam Cerita Pewayangan, (5) Bersih Desa dan Cerita Sri Sadana, (6) Perkembangan Cerita Mintaraga dalam Sastra Pewayangan, (7) Pawukon Dalam Budaya Jawa, (7) Novel Jawa Baru dalam Abad Duapuluh, (8) Cerita Kamandaka dalam Babad Pasir, (9) Sorotan terhadap Cerita Babad Pandhawa Saduran Y Kats, (10) Cakradibrata, Kawruh Kasusastran Jawa, saha Kawruh Paramasastra Jawa. Ngendikane Pak Bali, basa Jawa ora bakal cures waton isih ana wong Jawa." Marang Reporter *SEMPULUR*, AY Suharyono, Pak Bali nate weling "Aku titip sastra Jawa, aja nganti ilang. Sukur dadi subur ngrembaka." **(aye)**

Wisudan MC Jawa ing Tembi



Kursus MC Jawa-Para wisudawan kursus MC Jawa lan para swija (tengah) ***(Foto-abs)***

KURSUS MC Jawa ing Tembi Rumah Budaya wis kawiwitan nalika taun 2000. Tumekane saiki wis nglulusake 38 angkatan. Saben angkatan rata-rata ana 20-an kursisten. Yen digunggung, TRB tumekane taun 2018 iki wis kasil nglulusake 760 kursisten, sumebar ing tengah-tengahing masarakat Yogyakarta lan sakiwa tengene. Diajab para kursisten mau banjur pancen luwih piguna lan murakabi kanggo kabutuhane masarakat ing babagan pranatacara lan pamedhar sabda. Jumat, 11 Mei 2018 TRB kasil misudha 19 lulusan kursus MC Jawa. Dwija tumrap kursus MC Jawa ing TRB yaiku Ignatius Wahono (tokoh ketoprak senior/ MC kondhang), Maria Kadarsih (MC kondhang lan pemaos carita basa Jawa ing radio), Kinting Handoko (penari, dosen, lan perias), lan Angger Sukisno (tokoh ketoprak, MC kondhang). ahli **(abs)**

"Tjap Tjonthong": Angkat Presidhen



Pentas Kethoprak Tjonthong ***(Foto-fid)***

PAKUMPULAN Kethoprak Ringkes Tjap Tjonthong Yogyakarta, kaya padatan anggelar lakon kethoprak kang metik saka sejarah mudha, tegese lakon sejarah kang tapak tilase isih pada kawuningan priyayi jaman saiki. Lakone ngunggah priyagung Prof. Dr. Sardjito, Presidhen Universiteit Gadjah Mada, saiki istilahe Rektor. Dokter Sardjito, Rektor UGM kang sepisan. Sanajan lakon sejarah, nanging formate tetep kethoprak guyonan, humor plesetan. Tanggal 17-18 Juni kepungkur penonton kagawe gumbira ing manah, kepingkel-pikel nontol salah bawane Marwoto Kawer, Susilo Den Baguse Ngarsa, Srundeng, Wisben, Novi Kalur, Rini Widiastuti, lan anggota pakumpulan liyane. **(fid)**

Pasar Kangen Yogya XI 2018 Kagelar



Pasar Kangen ing TBY ***(Foto-fid)***

PASAR Kangen Yogya, 2018 kagelar ing Taman Budaya Yogyakarta. Taun iki wis ngancik gelar kang kaping sewelas. Pasar Kangen wis kondhang lan dadi jujugan warga saka kutha-kutha gedhe ing Jawa, kepara wis narik kawigatene wong-wong jaban rangkah. Pasar Kangen tansah sumadya barang dan suwasana lawasan kang ngangensi. Tanggal 7-16 Juli tansah jejel riyel padha jajan lan blanja sinambi mriksani seni kang kagelar ing panggung Pasar Kangen. Dinas Kebudayaan DIY tansah jumurung marang sedya lan panjangka luhur para seniman budayawan anggone padha rerawat marang edi penine pasar, suwasana kang ngangeni tumrap sapa wae. **(fid)**

UAF Regengake Labuhan Merapi





Poro bocah cilik tampil nari ing UAF II ***(Foto-fid)***

UMBULHARJO Art Festival, festival kang diadani warga Desa Umbulharjo Cangkringan sengaja kaangkah dadi nambah regenge Upacara Adat Labuhan Merapi, 2018. Ing pelataring sekolah Taman Dewasa Tamansiswa Cangkringan, 12-17 April 2018 kepungkur warga ngadani pagelaran maneka warna seni dening warga. Dene Labuhan Gunung Merapi iku adat tradhisi Hajad Dalem Sultan Ngayogyakarta kang tangsah diadani ajeg setaun sepisan, Para warga asung penyengkuyung kanthi gawe gelar manake warna seni, kayata tarian lan kethoprak. **(fid)** .

BALE SIGALA-GALA

cergam Mulyantara









Sawiji greget, sengguh ora mingkuh

Ditandangi lan disengkuyung bebarengan, kanthi cèkat-cèket tur mempeng, ati tansah madhep mantep lan tansah mrantasi jejibahan.

ISSN 2085-2673

kaligrafijawa dening: Suhadi